M-DCPS ofri yon varyete pwogram klas matènèl atravè Distri a. Paran ta dwe kontakte lekòl katye yo pou opsyon ki disponib pou elèv klas matènèl. Pou enfòmasyon adisyonèl sou 'VPK' oswa 'Head Start/Early Head Start', paran yo ka kontakte "Department of Early Childhood Programs" (Depatman Pwogram pou Timoun Anbazaj) nan 305-995-7632. Paran ka jwenn aksè sou enfòmasyon tou nan mdcpsearlychildhood.net oswa ESE.dadeschools.net. Pou enfòmasyon sou Pwogram 'Pre-K ESE', paran ta dwe kontakte 305-271-5701 oswa vizite prekese.dadeschools.net pou aprann plis sou pwogram ki disponib pou timoun ki gen andikap. Fanmi yo dwe santi yo alèz tou pou kontakte nou nan ESE@dadeschools.net avèk kesyon sou enkyetid yo genyen.

**Pwotokòl pou Adrese Enkyetid Paran**

Paran ka adrese plent oubyen enkyetid yo genyen jeneralman bay administrasyon lekòl la, ki ka fè suivi avèk revizyon nan depatman Rejyon ak Distri jan sa apwopriye. Pou kesyon ki konsène yon pwofesè oubyen yon klas an patikilye, paran/gadyen dwe kontakte moun ki ap suiv yo kòmanse nan lekòl la daprè lòd ki anba la a.




**Kolaborasyon Piblik-Prive**
Demand pou pèsonèl enstriksyonèl prive kolabore avèk pèsonèl enstriksyonèl leta nan anviwònman edikasyonèl la dwe dirije nan bay Direktè pou aplikasyon pwosedi Distri yo.

**Rekreyasyon**
Rekreyasyon se moman ki sipèvize, ki pa estriktire pou timoun jwe, kote timoun yo ka fè chwa, devlope règ pou jwe e degaje enèji ak estrès. Rekreyasyon fèt deyò lè kondisyon tan an pèmèt sa. Lè gen move tan, yo fè aktivite rekreyasyon ki apwopriye anndan.

Lekòl yo dwe bay omwen 100 minit rekreyasyon ki sipèvize, an sekirite, pou timoun jwe libreman chak semèn pou elèv jadendanfan jiska 5èm ane eskolè, yon fason pou genyen omwen 20 minit pou timoun jwe libreman chak jou.

**Pwoteksyon ak Sekirite**

- ***Similasyon An Ka Ijans***
  Pandan ane lekòl la yo ap fè sis egzèsis ijans, ki gen ladan egzèsis kont tirè aktif, sitiyasyon pran moun ann otaj, menas bonm, ak lòt ijans potansyèl ki pral fèt pandan ane lekòl la daprè Kòd Administratif Florid 6A-1.0018(15). Tout moun ki nan yon bilding kote yo ap fè yon egzèsis ijans ap fèt dwe oblije patisipe. Premye egzèsis ijans la dwe fèt nan premye 10 jou apre ouvèti lekòl yo, tandiske tout rès egzèsis yo dwe fèt omwen chak 45 jou lekòl pandan lekòl an sesyon.

Tout egzèsis ijans yo dwe fèt ann akò avèk repons sitiyasyon ki apwopriye ki koresponn jan sa endike nan EOP a epi yo dwe gen ladan pwosedi ki apwopriye daprè devlopman ak ki apwopriye avèk laj elèv yo.

- ***Plan Operasyon Ijans***
  Sekirite elèv ak anplwaye se premye sousi nou nan Sistèm "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County). Nou te kreye "District Emergency Operations Plan (EOP)" (Plan Operasyon Ijans Distri) a pou ofri pèsonèl distri yo, administrasyon lekòl ak anplwaye yo konesans yo bezwen pou yo ka dirije ansanm ak pou fè fas ak ensidan kritik oubyen lòt sitiyasyon ijans ki ka rive nan lekòl/kominote nou an. Tout lekòl genyen plan yon andwa espesifik pou yo adrese tout kalite ensidan kritik. Plan sa yo adrese bezwen endividyèl lekòl la, e ofri machasuiv pou planifye metòd kominikasyon avèk anplwaye, elèv, paran/gadyen, ak medya a pandan yon ensidan kritik oubyen yon ijans. Pami kèk nan pwosedi pou aksyon pwotektif gen similasyon an ka ijans (moun ki ap tire, otaj, avèk similasyon an ka bonm), evakye elèv/anplwaye nan bilding nan(yo), evakye moun ki gen yon andikap e si sa nesesè relokalize elèv/anplwaye ki soti nan kanpous la, pwosedi "lockdown" (bloke antre/soti nan lekòl la) e kenbe elèv/lage elèv pandan sitiyasyon ijans nan lekòl e nan kominotè a. Men kèk konsèy enpòtan pou paran/gadyen sonje pandan yon Ensidan Kritik:
  - Rete kalm;
  - Suiv medya a pou dènye enfòmasyon ak mesaj ofisyèl ki soti nan M-DCPS;
  - Pa anvayi lekòl la ak apèl telefònik; e
  - Nou pap ranvwaye elèv yo pandan lekòl la nan ''lockdown'' (bloke). Si ou vle vin chèche pitit ou, rete tann jiskaske nou ouvri anvan ou ale nan lekòl la.

  Tout administratè lekòl, Sipèentandan/Direktè Sant Rejyon e tout ofisye Polis MDSPD bay bonjan fòmasyon sou lekòl EOP a, e yo prepare pou reponn imedyatman pandan yon ensidan kritik oubyen sitiyasyon ijans pou bay tout timoun sekirite.

  (Nou atache feyè) FortifyFL a

- ***Similasyon an Ka Dife (Similasyon Evakyasyon)***
  Ap gen plizyè similasyon evakyasyon pandan ane lekòl la daprè Kòd 'National Fire Protection Association 101 Life Safety.' Lè alam dife a aktive, elèv yo dwe kanpe kèlkeswa sa y ap fè a epi suiv enstriksyon pwofesè a. Elèv yo dwe soti nan bilding nan tousuit nan itilize wout yo deziyen a. Nenpòt elèv ki nan koulwa a oubyen nan twalèt la dwe ale nan pòt sòti ki pi pre a e chèche jwenn pwofesè li. Elèv, pwofesè ak anplwaye dwe rete deyò bilding nan jiskaske yo bay pèmisyon pou re-rantre nan lekòl la.

- **Pwotokòl Repons Estanda**
  Pandan Otòn ane eskolè 2023-2024 la, Lekòl Leta Miami-Dade County te adopte Pwotokòl Repons Estanda epi sèvi ak "Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Estanda pou Repons) pou kominike pandan ijans oswa ensidan kritik. SRP a se yon seri senk aksyon ki sèvi ak langaj komen klè tout moun nan lekòl nou an, tankou elèv ak anplwaye yo, swiv nan ka ta gen yon ijans oswa yon ensidan kritik. Aksyon sa yo se KENBE, SEKIRIZE, FÈME, EVAKYE, ak ABRITE. Al gade nan Anèks la pou jwenn aksè nan feyè SRP Paran/Gadyen an (Anèks "F"). Anplis, paran/gadyen kapab jwenn aksè tou sou fèyè SRP a nan pòtal paran an.

- **Evalyasyon Menas**
  "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) gen yon kantite pwosedi obligatwa pou jere menas yon Kowòdonatè Jerans Menas Distri a ap sipèvize.

Lekòl yo dwe etabli yon “Threat Management Team” (Ekip Jerans Menas) ki gen ladan yon administratè, yon konseye, yon pwofesè ak yon ofisye polis. Lekòl la itilze apwòch evalyasyon menas se yon apwòch rezolisyon pwoblèm pou anpeche vyolans e ki gen ladan entèvansyon avèk elèv ki menase pou fè vyolans nan yon fason kèlkonk. Lè yo fè yon detèminasyon inisyal e li detèmine, yon elèv reprezante yon menas vyolans ekip la ap reyini pou detèmine meyè plan aksyon an. Manm otorize ekip la ka jwenn dosye ki bay enfòmasyon sou istwa kriminèl, si li aplikab. Yo ap transfere elèv yo detèmine ki riske pou sibi vyolans la bay sèvis sante mantal. Pwosedi jerans menas ak disiplinè se pwosesis separe. Menmsi yo detèmine menas la ba, mwayen, ak wo, yo ap suiv pwosedi disiplinè ki apwopriye daprè Règleman Konduit Elèv la.

- **Vizitè**
  Akoz regilasyon legal, yo pa pèmèt elèv gen vizitè ki antre lekòl ak yo nan kèlkeswa moman an. Nou toujou kontan pou wè paran/gadyen yo vin vizite lekòl yo, e nou toujou ka fè aranjman avèk direktè lekòl la pou yon vizite lekòl la. Ou dwe fè demand lan 24 èdtan alavans pou vizite salklas. Tout vizitè yo dwe bay sekirite a non yo nan antre prensipal la, ekri non yo, bay yon pyès idantifikasyon ak foto, epi ale nan direksyon an pou enskri. Nou ap konsidere kèlkeswa moun ki pa suiv machasuiv sa yo kòm yon moun ki depase limit li e yo ka arete li.

**Aktivite/Klib Lekòl**

Tout Aktivite Lekòl, klib, ak òganizasyon dwe jwenn apwobasyon direktè a e yo dwe konfòm ak règ distri 5845 – Aktivite Elèv, 5830 – Elèv k ap Kolekte Lajan ak 9211 – Òganizasyon Paran, ‘Booster Clubs,’ ak Lòt Aktivite Kolekte Lajan.

- ***Klib***
  Elèv Lekòl Leta Miami-Dade County ka patisipe nan yon gran varyete aktivite, ki gen ladan konsil elèv, klib ki baze sou matyè y ap etidye, “honor societies” (sosyete onè) sèvis klib, piblikasyon lekòl ak aktivite nan klas. Klib lekòl la patwone ka gen rapò ak kourikoulòm nan oubyen yo ka pa gen rapò ak kourikoulòm nan.

  Klib ki gen rapò ak kourikoulòm yo se gwoup elèv kote bi yo se yon pwolonjman aktivite ak objektif yo nan sèten matyè ki nan kourikoulòm lekòl la. Kontrèman ak klib sa yo, klib ki pa gen rapò ak kourikoulòm yo se gwoup elèv ki vize yon enterè espesyal e yo pa gen rapò dirèk ak kourikoulòm nan. Reyinyon klib ki andeyò kourikoulòm nan ka fèt sèlman lè pa gen ansèyman, swa anvan oubyen aprè lekòl.

- ***Lis Klib Lekòl***

  Vizite sit entènèt lekòl la pou jwenn yon lis konplè klib, lè reyinyon yo ak kote yo: https://hammocksmiddleschool.net/

**“School Center for Special Instructions (SCSI)” (Sant Lekòl pou Enstriksyon Espesyal)** (lè sa nesesè)
Administratè lekòl yo ka chwazi pou voye elèv nan “School Center for Special Instructions (SCSI)” (Sant Lekòl pou Enstriksyon Espesyal) la kòm yon anviwònman edikasyonèl altènatif pwovizwa pou sispansyon nan lekòl. Yo fè SCSI a pou ofri estrateji ak resous pou elèv ka konsantre sou aprantisaj nouvo ladrès konpòtman. Lè yon elèv gen move konduit nan yon klas ki lakoz yo voye li nan SCSI, yo

ta dwe retire elèv la nan klas kote li te gen move konduit la. Si li kontinye gen move konduit, yo ka retire li nan tout klas yo.

**Pwosesis Foto Klas nan Lekòl**

Anplwaye lekòl la pap kolekte lajan ankò pou aktivite foto klas lekòl yo. Se fotografè a e/oubyen anplwaye li k ap kolekte lajan yo.

Anplwaye, paran, volontè, oubyen yon manm òganizasyon ki afilye ak lekòl la tankou PTA pa dwe janm jere lajan foto klas yo.

**Transpò Lekòl**

Lekòl Leta Miami-Dade County pral transpòte plis pase 35,000 elèv pa jou pou ane lekòl sa a, l ap itilize yon flòt 999 otobis sou prèske 800 wout otobis lekòl. Nou bay sèvis transpò pou elèv ki abite nan yon distans plis pase de (2) “miles” (3.22 km) parapò ak lekòl yo asiyen yo a, e pou elèv ki gen bezwen espesyal nan kèk ka.

Anvan lekòl ouvri, paran/gadyen tout elèv ki elijib pou transpò otobis dwe konekte sou sit BusPlannerWeb e gade nan ki otobis yo asiyen pitit yo. Nou ap renouvle enfòmasyon yo chak swa, e nou mete yon lyen sou Pòtal Paran an. Nou ankouraje paran/gadyen pou yo tcheke sit BusPlannerWeb la pandan tout ane lekòl la pou yo ka gen enfòmasyon ki pi resan konsènan otobis pitit yo ap gen pou yo pran.

Paran ki enterese konnen si pitit yo elijib pou transpò ta dwe kontakte lekòl pitit yo pou enfòmasyon.

**Dosye Elèv**

Se “The Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)” (Akò sou Vi Prive ak Dwa Edikasyonèl Fanmi) ansanm ak Lwa Florid sou dosye Edikasyon ak pwotesyon enfòmasyon ki idantifye yon elèv pèsonèlman. Daprè lwa sa yo, san konsantman paran, gadyen oubyen elèv ki elijib la alavans, yo pa gen dwa bay dosye yon elèv, eksepte sa ki ann akò avèk pwovizyon yo mete nan lwa nou site anwo yo. Lalwa bay sèten eksepsyon pou demand konsantman alavans pou yo bay dosye elèv yo, ki gen ladan, men ki pa limite ak, ofisyèl lekòl yo ki gen yon enterè edikasyonèl valab ak lòd legal pou konparèt devan tribinal avèk avi alavans pou pibliye. Yo bay paran ak elèv elijib dwa pou konteste egzaktitid dosye edikasyonèl yo ann akò avèk pwosedi yo define nan Règ Komisyon Konsèy Lekòl 8330.

Chak lekòl dwe bay paran, gadyen oubyen elèv ki elijib yon avi anyèl alekri sou dwa yo genyen pou enspekte e revize dosye elèv yo. Yon fwa elèv la gen 18 an oubyen li ale nan yon enstitisyon edikasyon aprè lekòl segondè, se elèv la sèlman ki bezwen bay konsantman li, amwenske elèv la kalifye kòm yon depandan daprè lalwa.

**Pwogram Volontè Lekòl**

Pwogram Volontè Lekòl la konekte resous manb nan kominote a avèk bezwen lekòl nou yo pou sipòte objektif Distri a ki se reyisit elèv yo. Volontè Lekòl yo pote divès ladrès ak talan ki baze sou bezwen elèv yo ak kominote a. Chak ane, plis pase 30,000 volontè itilize tan ak talan yo pou anrichi lavi elèv nan lekòl nou yo.

Sèvi kòm Volontè:

1. Vizite https://www.engagemiamidade.net/volunteers
2. Ranpli fòm enskripsyon (Raptor) sou entènèt.
3. W ap resevwa yon imèl apwobasyon ki soti nan Biwo Volontè Lekòl la.

Yon fwa ou apwouve, *ALE* nan lekòl la kòm yon *VOLONTÈ* pou w ka konnen ki orè ou ak aktivite w kòm volontè.

Etap nan Jesyon Orè Ou kòm Volontè

**Ki Moun ki Ka Sèvi kòm Volontè?**

- Elèv- elèv M-DCPS; elèv kolèj/Inivèsite elèv lekòl charter/prive
- Paran - Gadyen, moun ki ap bay elèv swen
- Anplwaye - Administratè, pwofesè, anplwaye M-DCPS
- Manb Kominotè ak Òganizasyon - Moun ki nan biznis, retrete, òganizatè lokal, òganizasyon kominotè ak òganizasyon relijye, ansyen elèv, ak elèv kolèj.

**Akademi Paran M-DCPS la**

Lekòl Leta Miami-Dade County te kreye Akademi Paran an pou konble eka ant lakay elèv yo ak lekòl la, nan konekte paran ak resous ak enfòmasyon valab sou sijè ki afekte lavi timoun, tankou ede timoun aprann, ladrès pou jwe wòl paran, jesyon finans, sante e byennèt.

Akademi Paran M-DCPS la sipòte paran pou yo vin pi aktif nan edikasyon pitit yo e responsabilize yo nan ba yo mwayen pou etabli e akonpli objektif pou tèt yo nan pousuiv edikasyon siperyè e avanse nan karyè yo nan ofri yo atelye gratis, pandan tout ane a, klas ak aktivite nan lekòl yo, sant kominotè, ak ajans kominotè atravè konte a.

Paran ka patisipe nan sesyon a distans e an pèsòn ki reponn ak bezwen yo e ki pa lwen kay yo ak andwa travay yo. Evènman ki ap vini yo ak atelye yo ofri yo sou sit entènèt Akademi Paran M-DCPS la nan parentacademymiami.com. Pou plis enfòmasyon, silvouplè rele Akademi Paran An nan 305-271-8257 e suiv yo sou Facebook ak Instagram nan “Parent Academy Miami” e sou Twitter nan “@ParentAcadMiami”.

**Verifikasyon Adrès**

Si paran pa bay verifikasyon oubyen si sa yo bay la pa akseptab, Sipèentandan an ka verifye adrès elèv la.

Nenpòt moun ki volontèman fè yon fo deklarasyon alekri avèk entansyon pou twonpe yon sèvitè piblik nan egzèsis fonksyon ofisyèl li, moun sa a koupab yon enfraksyon dezyèm degre anba Lwa Florid 837.06. Anplis, nenpòt moun nou verifye ki volontèman fè yon fo deklarasyon, moun sa a koupab mansonj devan lalwa, yon krim grav twazyèm degre anba Lwa Florid 95.525.

## APENDIS A – KALANDRIYE LEKÒL

### MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
### 2024-2025 SCHOOL CALENDAR
### ELEMENTARY AND SECONDARY

**JULY 2024**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 29 | 30 | 31 | | |

**AUGUST 2024**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

**SEPTEMBER 2024**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 30 | | | | |

**OCTOBER 2024**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3[a] | 4 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | |

**NOVEMBER 2024**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |

**DECEMBER 2024**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20[a] |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 30 | 31 | | | |

**JANUARY 2025**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17[a] |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

**FEBRUARY 2025**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |

**MARCH 2025**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 31[a] | | | | |

**APRIL 2025**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18[a] |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 28 | 29 | 30 | | |

**MAY 2025**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

**JUNE 2025**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 30 | | | | |

- New Teachers Report
- Teacher Planning Day
- District-wide Professional Learning Day
- Teacher Planning Day available to opt
- Recess Day (10 month)
- Recess Day
- Beg/End of Grading Period
- Legal Holiday
- Legal Holiday (12 month)
- Available to opt

| DAYS IN GRADING PERIOD |
|---|
| 1 - 45 |
| 2 - 46 |
| 3 - 43 |
| 4 - 46 |

*180 Days Total*

For information on employee opt days, please refer to the back of calendar.

## MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
## 2024-2025 SCHOOL CALENDAR
## ELEMENTARY AND SECONDARY

| | |
|---|---|
| August 12, 2024 | Teacher planning day; not available to opt; no students in school |
| August 13 | Teacher planning day; District-wide Professional Learning Day - not available to opt; no students in school |
| August 14 | Teacher planning day; not available to opt; no students in school |
| August 15 | First Day of School; begin first semester |
| September 2 | Labor Day; holiday for students and employees |
| October 3 *+# | Teacher planning day; no students in school, available to opt |
| October 18 | End first grading period; first semester |
| October 21 | Begin second grading period; first semester |
| November 5 | Teacher planning day; District-wide Professional Learning Day - not available to opt; no students in school |
| November 11 | Veterans' Day; holiday for students and employees |
| November 25-27 | Recess Days |
| November 28 | Thanksgiving; Board-approved holiday for students and employees |
| November 29 | Recess Day |
| December 20*+# | Teacher planning day; no students in school, available to opt |
| December 23 – January 3, 2025 | Winter recess for students and employees with the exception of Fraternal Order of Police and select 12-month employees |
| January 16 | End second grading period; first semester |
| January 17*+# | Teacher planning day; no students in school, available to opt |
| January 20 | Dr. Martin Luther King, Jr.'s Birthday; holiday for students and employees |
| January 21 | Begin third grading period; second semester |
| February 17 | All Presidents Day; holiday for students and employees |
| March 21 | End third grading period; second semester |
| March 24-28 | Spring recess for students and employees with the exception of Fraternal Order of Police and select 12-month employees |
| March 31*+# | Teacher planning day; no students in school, available to opt |
| April 1 | Begin fourth grading period; second semester |
| April 18*+# | Teacher planning day; no students in school; available to opt |
| May 26 | Memorial Day; holiday for students and employees |
| June 5 | Last Day of School; end fourth grading period; second semester |
| June 6 | Teacher planning day; not available to opt; no students in school |

**NOTE:** Every Wednesday students in elementary schools (Grades 2-5) and K-8 Centers (Grades 2-8) are released one (1) hour early

| Job Category | Beginning Date | Ending Date |
|---|---|---|
| Teachers new to the system | August 5, 2024 | June 6, 2025 |
| Assistant Principals and 10-month clerical | August 5, 2024 | June 13, 2025 |
| Cafeteria Managers | August 7, 2024 | June 6, 2025 |
| Satellite Assistants | August 9, 2024 | June 5, 2025 |
| All Instructional Staff, Paraprofessionals & Security | August 12, 2024 | June 6, 2025 |
| Assistant to Cafeteria Managers/MAT Specialists | August 13, 2024 | June 5, 2025 |
| Cafeteria Workers (part-time) | August 15, 2024 | June 5, 2025 |

***Teachers/paraprofessionals and school support personnel** may opt to work one or two days, August 8, 9, 2024, or June 9, 10, 2025, in lieu of any one or two of the following days: October 3, 2024, December 20, 2024, January 17, 2025, March 31, 2025, and April 18, 2025. August 13, 2024, and November 5, 2024, are District-wide Professional Learning Days and are not available to opt.

**+Teachers new to Miami-Dade County Public Schools** may opt to work one or two days June 9, 10, 2025, in lieu of any one or two of the following days: October 3, 2024, December 20, 2024, January 17, 2025, March 31, 2025, and April 18, 2025. August 13, 2024, and November 5, 2024, are District-wide Professional Learning Days and are not available to opt.

**#Ten-month secretarial and clerical employees** may opt to work one or two days, August 1, 2, 2024 or June 16, 17, 2025, in lieu of any one or two of the following days: October 3, 2024, December 20, 2024, January 17, 2025, March 31, 2025, and April 18, 2025. August 13, 2024, and November 5, 2024, are District-wide Professional Learning Days and are not available to opt.

# APENDIS B – Lwa Florid ak Règ Komisyon Konsèy Lekòl

**Nou ka wè tout règ Komisyon Konsèy Lekòl yo nan:** School Board Bylaws & Policies

**Pwogram Akademik**

- 2235 - MIZIK, AR, AK EDIKASYON FIZIK
  - Mizik, ar, ak edikasyon fizik se sijè fondamantal nan kourikoulòm lekòl paske yo kontribye nan devlopman akademik ak sosyal chak timoun. Edikasyon Atistik ak mizik ede nan relèvman "domèn aprantisaj" yo atravè limit sosyo-ekonomik yo pandan li ap solidifye ladrès pou rezoud pwoblèm ak panse kritik elèv yo e kontribye nan akonplisman akademik jeneral elèv yo.

- 2240 – SIJÈ AK EKSPRESYON ELÈV KI LAKOZ KONTWOVÈS
  - Nou ankouraje elèv pou yo patisipe nan diskisyon, diskou, ak lòt ekspresyon kote yo eksplore libreman plizyè pwendvi, menm sa ki gen kontwovès yo. Yon kontwovès se yon sijè ki gen pwendvi opoze moun ki responsab yo bay sou opinyon yo pibliye oubyen ki ka jenere sipò ansanm ak opozisyon nan kominote a.

- 2370.01 – ENSTRIKSYON A DISTANS
  - Peryòd enskripsyon pou pwogram enstriksyon a distans aplentan Distri a ap jere, Akademi Miami-Dade sou Entènèt, ouvri nan sezon prentan chak ane lekòl pou yon minimòm katrevendis jou e li fèmen trant jou anvan premye jou lekòl ane lekòl la.

- 2416 –VI PRIVE ELÈV AK AKSÈ PARAN SOU ENFÒMASYON
  - Yo pa dwe fòse okenn elèv, kòm yon pati nan pwogram lekòl la oswa nan kourikoulòm Distri a, san konsantman alekri davans elèv la (si se yon adilt, oswa yon minè emansipe) oswa, si yon minè ki pa emansipe, paran li, pou l soumèt oswa patisipe nan nenpòt sondaj, analiz, oswa evalyasyon pou revele enfòmasyon li.
  - Paran gen dwa pou enspekte, lè yo mande sa, nenpòt materyèl enstriksyonèl ki sèvi kòm eleman nan kourikoulòm edikasyonèl elèv la e nan espas yon peryòd tan ki rezonab aprè direktè bilding nan resevwa li. "Instructional material" (materyèl enstriksyonèl) vle di kontni enstriksyonèl yo bay yon elèv, kèlkeswa fòm li, tankou materyèl ki enprime e reprezantatif, materyèl odyo-vizyèl, ak materyèl sou fòm elektwonik oubyen dijital (tankou materyèl ki aksesib atravè Entènèt). Tèm sa a pa gen ladan tès oubyen evalyasyon akademik.

- 2417 – SANTE REPWODIKTIF AK EDIKASYON SOU MALADI
  - Komisyon Konsèy Lekòl la dwe bay elèv lekòl segondè yo edikasyon konplè sou sante repwodiktif ak maladi.
  - Y ap fè paran yo konnen davans lè y ap anseye leson sante ak maladi repwodiktif yo nan salklas la epi nou ap ankouraje yo pou yo revize kontni pwogram nan ak materyèl ansèyman yo.

- Paran ka mande yon egzanpsyon pou pitit yo pa patisipe nan klas sou sante repwodiktif oubyen sou nenpòt maladi, tankou VIH/SIDA, sentòm, devlopman ak tretman li; e yo ka enfòme yo sou pwosesis pou mande egzanpsyon sa a. Nenpòt elèv ki jwenn yon egzanpsyon ap resevwa yon asiyasyon edikasyonèl kòm aktivite altènatif.

- <u>2421 - PWOGRAM EDIKASYON KARYÈ-TEKNIK K-12</u>
  - Edikasyon Karyè-Teknik la fèt pou bay eksperyans nan edikasyon karyè e teknik. Eksperyans sa yo pral konplemante e ranfòse konsèp akademik ki patikilèman konvnab pou kontèks aprantisaj nan yon sèten domèn karyè e li bay ladrès pwofesyonèl espesifik.

- <u>2432 – KLAS SOU APRANN KONDUI</u>
  - Pwogram fòmasyon chofè machin nan fèt pou elèv lekòl segondè ki chwazi patisipe nan nenpòt klas fomasyon chofè machin eta a apwouve e ki disponib. Objektif pwogram sa a entwodui elèv yo nan lwa/règleman sikilasyon eta Florid ansanm ak bonjan konpòtman lè moun ap kondui.

- <u>2440 – LEKÒL ETE</u>
  - Komisyon Konsèy Lekòl la ka fè pwogram enstriksyon akademik ete pou elèv nan Jadendanfan-12èm ane eskolè ak elèv “Special Education (SPED)” (Edikasyon Espesyal) ki bezwen sèvis ane lekòl pwolonje jan yo idantifye l nan “Individual Education Plan (I.E.P.)” (Plan Edikasyon Endividyèl) yo. Komisyon Konsèy la ka chwazi tou pou enplemante pwogram amelyorasyon ete, daprè finansman ki disponib. Komisyon Konsèy la ap ofri transpò pou elèv SPED aplentan yo ansanm ak lòt elèv lè sa apwopriye.

- <u>2510 – MATERYÈL ENSTRIKSYONÈL, SANT BIBLIYOTÈK/MEDYA LEKÒL, AK LÒT MATERYÈL EDIKASYONÈL</u>
  - Reyinyon komite yo fè pou klase, elimine, oubyen seleksyone materyèl enstriksyonèl pou rekòmandasyon bay komisyon konsèy lekòl distri a dwe fèt an piblik e komite ki reyini pou objektif sa a dwe gen ladan paran elèv nan distri a.
  - Distri a ap kenbe sou sit entènèt li a yon lis materyèl enstriksyonèl ki aktyalize, Distri a achte, daprè nivo ane eskolè yo. Ou ka jwenn aksè sou lis sa a nan http://im.dadeschools.net/. Lekòl elemantè yo dwe kenbe yon lis materyèl ki disponib nan lekòl la sou sit entènèt lekòl la. Paran ka fè objeksyon sou materyèl enstriksyonèl yo ann akò ak pwosedi ki anvigè nan Distri a.

- 2623 – EVALYASYON ELÈV
  - Evalyasyon elèv ap an konfòmite avèk lalwa ak règ Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a pou detèmine pwogrè elèv e pou asiste yo nan atenn objektif pèfòmans elèv ak bi akonplisman edikasyonèl Distri a.
  - Yo ap administre egzamen eta a mande (egz. Evalyasyon dyagnostik ak egzamen akonplisman) bay tout elèv ki elijib nan lè Konsèy Edikasyon Eta a deziyen.
  - Gen pwosedi administratif pou sekirite egzamen ak konfidansyalite rezilta elèv yo ki an plas pou kenbe entegrite evalyasyon Distri ak Eta yo.

- 5410 - PLAN PWOGRESYON ELÈV
    - Plan sa a ay pwofesè, administratè lekòl ak distri yo, paran ak lòt moun ki gen enterè nan kominote a konsèy sou egzijans ak pwosedi pou elèv yo pwogrese soti nan yon klas pou ale nan yon lòt, Jadendanfan jiska 12èm ane eskolè ak Edikasyon Adilt. Enfòmasyon nou prezante nan dokiman sa a sòti nan egzijans Lwa Florid yo kreye, Règleman Komisyon Konsèy Edikasyon Eta a ak Règ Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County etabli.

**Rapò sou Aksidan/ Rapò sou Ensidan/Sekirite nan Lekòl**

- 1139 – MOVE KONDUIT YON EDIKATÈ
    - Nan espas 24 èdtan apre yon ajans aplikasyon lalwa fin notifye Sipèentandan an oubyen chèmann konsèy direksyon yon lekòl 'charter' konsènan arestasyon yon anplwaye pou krim grav oubyen yon enfraksyon akoz abi sou yon timoun piti oubyen paske li vann oubyen li posede yon sibstans ki kontwole, direktè lekòl la oubyen yon moun li chwazi dwe enfòme paran elèv lekòl la ki gen kontak dirèk avèk anplwaye sa a, e rapò a dwe gen ladan, omwen, non anplwaye a ak chaj espesifik yo pran kont li.

- 3213 – BYENNÈT AK SIPÈVIZYON ELÈV
    - Pwoteje byennèt fizik e emosyonèl elèv yo gen yon enpòtans kapital. Chak manm nan ekip anplwaye enstriksyonèl la dwe ap kenbe pi wo nivo estanda pwofesyonèl, moral e etik nan jere sipèvizyon, kontwòl ak pwoteksyon elèv ki nan lekòl la oubyen andeyò pwopriyete lekòl la.
    - Anplwaye lekòl la dwe rapòte bay yon administratè bilding nan nenpòt aksidan, danje nan kesyon sekirite, oswa lòt sitiyasyon oswa kondisyon li detekte, ki ka reprezante yon danje.
    - Anplwaye lekòl la dwe bay bonjan enstriksyon sou kesyon sekirite.
    - Nenpòt paran ki gen yon enkyetid konsènan aplikasyon dispozisyon Lwa Florid 1001.42(8)(c) kapab depoze yon plent alekri devan direktè lekòl pitit yo.

- 5540 – ENVESTIGASYON SOU ELÈV
    - Administratè lekòl yo dwe reyaji lè gen yon ensidan ki enplike elèv, ki pase nan lekòl la oubyen nan evènman lekòl la patwone. Lè y ap fè yon premye ankèt, si yon administratè sispèk gen yon krim ki fèt, li dwe rapòte pwoblèm nan bay Polis Lekòl la oubyen yon lòt ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye pou pran responsablite ankèt yo.

- 5772 - ZAM
    - Nou entèdi elèv posede, estoke, fè oubyen itilize zam, ki gen ladan zam ki kache, ki nan yon zòn lekòl ki gen sekirite ak nenpòt anviwònman ki anba kontwòl ak sipèvizyon Komisyon Konsèy Lekòl la nan objektif pou fè aktivite lekòl Komisyon Konsèy Lekòl la apwouve e otorize ki gen ladan, men ki pa limite a, pwopriyete yo anfème, posede oubyen ki sou kontra Komisyon Konsèy Lekòl la, yon evènman lekòl la òganize, oubyen nan yon machin Komisyon Konsèy Lekòl la posede oswa prive.

- 7217 - ZAM
  - Nou entèdi vizitè posede, estoke, fè oubyen itilize zam, ki gen ladan zam ki kache, ki nan yon zòn lekòl ki gen sekirite ak nenpòt anviwònman ki anba kontwòl ak sipèvizyon Komisyon Konsèy Lekòl la nan objektif pou fè aktivite lekòl Komisyon Konsèy Lekòl la apwouve e otorize ki gen ladan, men ki pa limite a, pwopriyete yo anfème, posede, oubyen ki sou kontra Komisyon Konsèy la, yon evènman lekòl la òganize, oubyen nan yon machin Komisyon Konsèy Lekòl la posede oswa prive.

- 8141 – OBLIGASYON ANPLWAYE GENYEN POU YO RAPÒTE MOVE KONDUIT
  - III. Notifikasyon Paran Resevwa Lè Gen Rapò sou yon Move Konduit nan Lekòl la
    - Nan espas (30) jou apre lè Distri a resevwa enfòmasyon sou move konduit yon anplwaye enstriksyonèl, anplwaye sipò edikasyonèl, ansanm ak administratè lekòl ki afekte sante, sekirite, oswa byennèt yon elèv, sa gen ladan move konduit tankou patisipasyon oswa solisitasyon zak seksyèl, womantik immoral avèk yon elèv, oswa nenpòt konduit ki ka lakoz revokasyon sètifikasyon yon edikatè oswa revokasyon li. Jan sa parèt nan Lwa Florid 1012.315, paran yon elèv ki te sibi move konduit oswa ki te afekte akoz move konduit dwe resevwa yon notifikasyon ekri pou enfòme l de sa ki te pase a.

- 8405 – SEKIRITE NAN LEKÒL
  - Komisyon Konsèy Lekòl la pran angajman pou kenbe yon anviwònman ki gen sekirite e ki san dwòg nan tout lekòl Distri yo. Krim ak vyolans nan lekòl gen plizyè aspè ki bezwen adrese nan yon fason pou itilize tout resous ki disponib nan kominote a atravè yon efò kowòdone ak anplwaye Distri Lekòl la, ajans otorite respè lalwa, ak fanmi yo. Administratè lekòl yo ak otorite polis lokal yo dwe travay ansanm pou bay elèv yo sekirite e pwoteksyon pandan yo lekòl oubyen nan yon evènman ki gen rapò ak lekòl oubyen lè yo sou wout pou ale lekòl e lè y ap retounen sot lekòl. Paran yo gen dwa pou yo jwenn aksè sou done SESIR yo e pou resevwa notifikasyon alè konsènan menas, aksyon ilegal, ak gwo ijans, kèk arestasyon anplwaye. Kat idantifikasyon elèv Distri a bay nan klas 6èm jiska 12èm gen ladan nimewo telefòn nasyonal oubyen atravè eta a pou rele oubyen voye mesaj tèks, pou moun k ap fè fas ak kriz e ki gen lide suisid. Egzèsis pratik sou sitiyasyon kote moun ap tire nan lekòl ak otaj dwe fèt omwen osi souvan ak egzèsis yo fè pou lè gen dife.

- 8410 – JESYON IJANS, PREPARASYON, AK REPONS
  - Komisyon Konsèy Lekòl la rekonèt responsablite li genyen pou sekirite elèv ak anplwaye yo egzije pou li fòmile ak endike pwosedi jesyon ijans ak preparasyon pou ijans pou lekòl distri yo, an konsiltasyon ak ajans sekirite piblik ki apwopriye yo, ki gen ladan pwosedi notifikasyon ijan pou ijans ki menase lavi, tankou, men ki pa limite a, dife; dezas natirèl; menas bonm, itilizasyon zam, otaj, ak sitiyasyon atakan aktif; materyèl danjre oswa devèsman pwodui chimik toksik; ijans metewolojik, tankou siklòn, tònad, ak gwo tanpèt (gade Règleman 8420.01); ak ekspoze kòm konsekans yon ijans lèzòm kreye; e ijans sa yo pi byen satisfè ak preparasyon ak planifikasyon.

  - "The District Critical Incident Response Team (DCIRT)" (Ekip Repons Ensidan Kritik Distri a) responsab pou ede lekòl ki gen ensidan/ijans kritik lè sa nesesè e kowòdone resous Distri a.

- LWA FLORID, SEKSYON 943.082 – KONSYANTIZASYON SOU PWOGRAM SEKIRITE NAN LEKÒL
  - 'FortifyFL' se yon zouti ki rapòte aktivite sispèk ki pèmèt itilizatè yo pase enfòmasyon enstantaneman bay ajans aplikasyon lalwa ak ofisyèl lekòl ki apwopriye. Lejislati Florid 2018 la te kreye e finanse FortifyFL kòm yon pati nan Akò Sekirite Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas. Li disponib pou telechaje gratis nan 'Apple App Store' ak 'Google Play Store'. Ou ka jwenn aksè sou li nan Dadeschools.net homepage, ansanm ak paj pòtal elèv, paran, ak anplwaye. Nou pase yon lyen pou FortifyFL sou sit enfòmasyon chak lekòl.

**Kondisyon pou Admisyon, Enskripsyon ak Vaksen**

- 5112 – KONDISYON POU ANTRE LEKÒL
  - Yo etabli kondisyon pou admisyon ak enskripsyon pou elèv k ap antre lekòl. Li nesesè pou nou remèt dokiman ak fòm k ap suiv yo nan moman premye enskripsyon an:
    - Batistè orijinal
    - Verifikasyon laj ak non legal
    - Prèv egzamen fizik nan men yon founisè swen sante ki apwouve ki gen ladan yon depistaj klinik pou tibèkiloz, lòt randevou pou suivi ki apwopriye, si sa nesesè, ak yon Fòm sètifika vaksen 'Florida Certificate of Immunization-680.'
    - Verifikasyon rezidans aktyèl pou paran/gadyen legal (adrès)
  - Mande paran ki ap enskri elèv la pou l bay enfòmasyon ki vrè e kòrèk ann akò ak lòd tribinal ki ajou e ki gen rapò ak responsablite paran.
  - Lekòl la dwe respekte enfòmasyon paran ki ranpli premye dokiman enskripsyon an oswa "paran ki anrejistre elèv la". Nenpòt moun ki verifye kòm paran nan ''District's Student Information System'' (Sistèm Enfòmasyon Elèv Distri) a sipoze gen otorizasyon pou vin chèche elèv la sof si li endike lòt bagay. Nenpòt chanjman ki fèt nan enfòmasyon paran ki sou lis ''District's Student Information System'' (Sistèm Enfòmasyon Elèv Distri) ki anrejistre elèv la, se tou de paran yo ki dwe verifye enfòmasyon yo dapre pwosedi Distri a. Se sèlman paran ki anrejistre a ki pral pèmèt yo retire elèv la nan lekòl la epi enskri elèv la nan yon lòt lekòl distri a. Nenpòt paran ki konteste enfòmasyon ki sou fòm premye enskripsyon yo ka chèche asistans nan men tribinal la pou oblije paran ki anrejistre a revize enfòmasyon ki nan fòm yo. Anplwaye lekòl la dwe bay moun sa yo paj entènèt pou Pwogram 'Family Court Self-Help' la nan http://www.jud11.flcourts.org/Family-Court-Self-Help-Program. Paran yo ka dakò pou chanje paran ki te anrejistre elèv la epi soumèt yon Akò pou Chanje "*Registering Parent Form* (FM-7600)" (*Fòm Paran Anrejistre (FM-7600*) nenpòt ki lè.

- 5114 – ELÈV ETRANJE
  - Demand pou antre nan lekòl yo se menm bagay pou tout elèv, kèlkeswa peyi nesans ak kondisyon imigrasyon li. Tout elèv yo ap enskri nan lekòl rezidans aktyèl paran yo nan zòn prezans Komite Konsèy Lekòl la apwouve.

- 5320 – VAKSEN
  - Tout elèv dwe pran vaksen kont polyo, “measles-mumps-rubella (MMR)” (lawoujòl-malmouton-ribeyòl [Lawoujòl Alman]), difteri, “pertussis tetanus (DTaP)” (koklich, tetanus), epatit B, ak varisèl (chicken pox). Elèv ki gen yon istwa maladi varisèl ki dokimante sou yon Fòm-680 Sètifika Iminizasyon yon doktè siyen, pa oblije resevwa vaksen varisèl la. Règ la aplike pou elèv ki aktyèlman ale lekòl nan Distri a e sa ki elijib pou ale yo.
  - Yo pap ka admèt yon elèv ki pa fini resevwa vaksen yo mande yo lekòl.
  - Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) rekòmande tou pou elèv yo resevwa yon vaksen kont gwo grip chak ane nan fen mwa oktòb la, epi li ankouraje tout elèv ki kalifye yo pou yo pran vaksen COVID-19 la, ki gen ladan tankou vaksin ‘booster’ 3èm dòz COVID-19 la pou ede pwoteje tèt yo kont viris la.

**Animal sou Pwopriyete Distri a**

- 8390 – ANIMAL SOU PWOPRIYETE DISTRI A
  - Daprè lalwa yo pèmèt animal sèvis nan lekòl yo. “Animal Sèvis” daprè lwa 28 C.F.R. 35.104, vle di nenpòt chyen ki antrene endividyèlman pou fè travay oubyen fonksyon ki benefisye yon endividi ki gen andikap, tankou fizik, kòporèl, sikyatrik, entèlektyèl, oubyen lòt andikap mantal.
  - Tout animal, tankou animal sèvis, ki sou pwopriyete Distri a oubyen yo mennen sou pwopriyete Distri sou yon baz regilye dwe satisfè tout demand veterinè Eta a ak Konte a, ki gen ladan men ki pa limite a, vaksinasyon pou raj oubyen ak lòt demand vaksen pou yo gen lisans apwopriye.
  - Yo pa pèmèt elèv mennen bèt domestik nan lekòl yo.

**Règ-Kont Diskriminasyon**

- 5517 – ENTEDIKSYON DISKRIMINASYON AK ARASMAN KONT ELÈV) SOU BAZ KATEGORI KI PWOTEJE YO
  - Komisyon Konsèy Lekòl la pral aplike entèdiksyon li kont diskriminasyon ak arasman ki baze sou laj, kondisyon sitwayènte, koulè, andikap, orijin etnik oubyen nasyonal, “Family Medical Act (FMLA” (Akò sou Konje Medikal pou Fanmi), sèks fi/gason, idantite seksyèl, enfòmasyon jenetik, preferans lenguistik, kondisyon marital, opinyon politik, gwosès, ras, relijyon, vanjans, sèks, arasman seksyèl, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon sosyal ak familyal, ak nenpòt lòt baz lalwa entèdi. Komisyon Konsèy Lekòl la ap kenbe yon anviwònman edikasyonèl ak yon espas travay ki pa gen okenn fòm diskriminasyon ak arasman, ki gen ladan tout fòm diskriminasyon ak arasman ‘Title IX’ ki nan Amandman Edikasyon 1972 la entèdi yo.
  - Règ sa a entèdi diskriminasyon ak arasman nan etablisman, aktivite, oswa sikonstans kote Komisyon Konsèy Lekòl la egzèse gwo kontwòl sou moun ki pote plent la ansanm ak kontèks kote aksyon entèdi a te fèt la, ki gen ladan men ki pa limite ak evènman ki rive nan yon etablisman lekòl, pandan nenpòt pwogram oswa aktivite Komisyon Konsèy la sipòte. Règleman sa a entèdi tou revanj kont yon moun ki te fè yon rapò oswa ki te pote yon plent fòmèl kont yon aksyon arasman oswa diskriminasyon lalwa kondane,

oswa ki te patisipe kòm temwen nan yon envestigasyon sou diskriminasyon oswa arasman.

- 5517.01 – NUIZANS AK ARASMAN
  - Komisyon Konsèy Lekòl la pran angajman pou l ofri yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite pou tout elèv e l ap fè efò pou elimine nuizans ak arasman nan lekòl li yo lè li ofri pwogram sansibilizasyon, prevansyon, ak edikasyon e lè li pwomote yon anbyans nan lekòl la kote elèv, anplwaye Komisyon Konsey Lekòl la, ak volontè pap janm tolere nuizans arasman, ak.
  - Nou jwenn referans règ sa yo tou nan *Règleman sou Konduit Elèv* la, e yo ranplase tout règ, règleman, oswa prensip Komisyon Konsèy Lekòl ki egziste konsènan nuizans ak arasman e ki ka pa sou manm liy avèk règ sa a. Règleman sa yo aplike pou tout elèv nan Distri a.
  - Règ sa a pa ranplase règleman Distri a genyen kounye a ki entèdi arasman sou baz laj, kondisyon sitwayènte, koulè, andikap, orijin etnik oubyen nasyonal, "Family Medical Act (FMLA" (Akò sou Konje Medikal pou Fanmi), sèks fi/gason, idantite seksyèl, enfòmasyon jenetik, preferans lenguistik, kondisyon marital, opinyon politik, gwosès, ras, relijyon, vanjans, sèks, arasman seksyèl, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon sosyal ak familyal, ak nenpòt lòt baz lalwa entèdi .

- 5517.02 – PWOSEDI POU POTE PLENT KONT DISKRIMINASYON/ARASMAN POU ELÈV
  - Nou ankouraje elèv ak paran yo pou yo rapòte plent byen konduit diskriminatwa oubyen arasman bay Direktè lekòl yo. Anplis, yo ka pote plent la dirèkteman nan Biwo Rejyon an oubyen Biwo "Civil Rights Compliance (CRC)" (Konfòmite Dwa Sivil) Distri a.
  - Toudabò, n ap envestige tout plent ki gen rapò ak arasman elèv, eksepte arasman seksyèl, nan andwa lekòl la. Si plent sa yo fèt dirèkteman nan Biwo Distri a, Biwo Rejyon oubyen Biwo CRC a, yo ap refere yo bay andwa lekòl la pou premye envestigasyon an. CRC a pral envestige plent tankou arasman seksyèl sou yon elèv avèk sipò lekòl la ann akò ak Mànyèl Title IX Distri a sou Arasman Seksyèl. Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte 'CRC' nan (305) 995-1580 oswa vizite http://hrdadeschools.net/civilrights.
  - Règleman sa a bay etap pou pote plent endividyèl sou diskriminasyon ak arasman ki baze sou kategori ki pwoteje ansanm ak pwosesis pou adrese plent yo.

**Règ sou Prezans/Orè Lekòl**

- 5200 – PREZANS
  - Prezans elèv se yon mwayen pou amelyore pèfòmans elèv e li enpòtan tou pou ogmante akonplisman elèv. Ansanm, anplwaye, elèv Lekòl Leta Miami-Dade County, paran ak kominote a dwe fè tout efò yo pou diminye pèt tan nan enskripsyon elèv yo.
  - Se paran elèv la oswa yon adilt ki dwe rapòte absans la nan biwo prezans lekòl la pi vit posib. Sipèentandan an dwe egzije paran chak elèv ki gen laj obligatwa pou ale lekòl oswa pou yon elèv adilt ki absan lekòl oswa nan klas pou kèlkeswa rezon an, pou li bay yon esplikasyon sou sa ki lakoz absans la. Distri a bay tèt li dwa pou l verifye deklarasyon paran an e pou envestige sa ki lakoz chak absans.

  - Edikatè dwe ankouraje prezans regilye pou elèv yo, pou yo kenbe bonjan dosye prezans, e pou yo suiv pwosedi Sip bonjanentandan an mete an plas yo.

- <u>5225 - ABSANS POU OBSÈVANS FÈT RELIJYE</u>
  - Absans elèv pou rezon fèt relijye, jan yo idantifye li nan fèt yo apwouve nan lis <u>Student Attendance Reporting Procedures PK-12 Handbook</u>, la pa ta dwe anpeche elèv resevwa prim oubyen lòt rekonpans pou prezans nan nivo lekòl la, nivo rejyon an, oubyen nivo Distri a.

- <u>5230 - RIVE ANRETA E KITE LEKÒL BONÈ</u>
  - Elèv dwe prezan pandan tout jounen lekòl la. Si yon elèv pral anreta lekòl oubyen li pral kite anvan fen jounen lekòl la, paran an ap notifye lekòl la alavans e di rezon li anreta oubyen li kite lekòl bonè. Se direktè ki ap detèmine si rezon yo valab. Yo ap mete absan pou elèv la si li pa prezan nan klas la pou omwen mwatye peryòd klas la. Pou yo mete "prezan" pou elèv la pandan jounen an, li dwe prezan pou yon minimòm dezèdtan nan jounen an amwenske gen yon sikonstans eksepsyonel ki jistifye absans la egziste.
  - Paran ki ap anskri elèv la - dwe endike sou Fòm Done Ijans Elèv la ki moun yo dwe remèt elèv la pandan jounen lekòl la. Paran ki ap anskri elèv la e ki ranpli Fòm Done Ijans Elèv responsab pou bay enfòmasyon ki vrè e kòrèk – e an ka paran yo pa marye, yo divòse, oubyen separe, yo dwe fè sa yon fason ki konfòm ak kèlkeswa lòd tribinal ki anvigè konsènan divòs, separasyon paran yo, oubyen relasyon paran ak timoun.

- <u>8220 – JOUNEN LEKÒL LA</u>
  - Sipèentandan an ap etabli orè jounen lekòl yo chak ane. Sipèentandan an ka otorize eksepsyon nan jounen lekòl regilye a.
  - Sipèentandan an ka fèmen lekòl yo, pwolonje ouvèti lekòl, oubyen lage lekòl bonè lè li nesesè pou modifye sesyon regilye a pou pwoteksyon sante ak sekirite elèv ak anplwaye yo.

**Seremoni ak Obsèvans Fèt**

- <u>8800 - SEREMONI AK OBSÈVANS RELIJYE/AK MOMAN REFLEKSYON AN SILANS</u>
  - Nou pèmèt rekonesans, eksplikasyon, ak ansèyman fèt diferan relijyon yo fete. Nou pèmèt aktivite selebrasyon ki pa relijye ak itlizasyon travay sekilye, men se responsablite tout pwofesè yo pou asire aktivite sa yo estrikteman volontè, yo pa mete yon atmosfè sosyal ki fòse oubyen ki eskli gwoup minoritè oubyen endividi, e yo pa entèfere avèk pwogram regilye lekòl la. Direktè chak lekòl ap mande pwofesè nan premye peryòd klas pou jounen lekòl la nan tout nivo klas yo pou yo rezève omwen yon (1) minit, men pa plis pase de (2) minit chak jou, pou yon moman silans, e nan moman sa a elèv pa dwe egzèse okenn entèferans sou patisipasyon lòt elèv. Amandman sa yo entèdi yon pwofesè pou l sijere ki kalite refleksyon yon elèv ka fè pandan moman silans la e yo mande chak pwofesè nan premye peryòd klas la pou yo ankouraje paran ak gadyen yo fè konvèsasyon konsènan moman silans la avèk pitit yo e fè sijesyon sou fason pitit yo kapab pi byen itilize moman sa a.

**Kantite Elèv ki Dwe nan Salklas**

- LWA ETA A SOU KANTITE ELÈV KI DWE NAN SALKLAS
  - Sitwayen Florid yo te apwouve yon amandman ki mete limit sou kantite elèv ki dwe nan salklas akademik debaz nan lekòl leta yo. Amandman an mande pou salklas yo an konfòmite ak nivo salklas la. Sepandan, daprè langaj Lejislati Florid 2013 la pase nan HB 7009 e aprè Gouvènè a apwouve, nan amande Lwa Florid 1002.31, Chwa Paran pou Lekòl Leta, kalkil pou konfòmite ak limit sou kantite elèv ki dwe nan salklas la fèt daprè Lwa Florid 1003.03 pou yon lekòl oubyen pwogram ki se yon lekòl chwa leta mezire daprè kantite mwayèn elèv ki nan nivo lekòl la.

**Klinik**

- 5330 - ITILIZASYON MEDIKAMAN
  - Komisyon Konsèy Lekòl la pap responsab pou dyagnostik ak tretman malady elèv. Nou pèmèt administrasyon medikaman yo preskri e/oubyen tretman yo preskri medikalman pou yon elèv pandan lè lekòl sèlman kote lè sa pa fèt sante elèv la ka an danje, elèv la te ka pa ale lekòl si medikaman an oubyen tretman pa t disponib pandan lè lekòl, oubyen timoun nan gen yon andikap e li nesesè pou l pran medikaman pou li benefisye de pwogram edikasyonèl li.

**Règleman sou Konduit Elèv**

- 2451 – PREVANSYON KONT KESYON KITE LEKÒL AK ENTÈVANSYON AKADEMIK
  - Sipèentandan an ka ofri pwogram prevansyon kont kesyon kite lekòl pou elèv ki, nan opinyon sipèentandan an, pral benefisye de pwogram sa yo. Patisipasyon nan yon pwogram prevansyon kont kesyon kite lekòl la pa dispanse elèv la pou l konfòme li avèk règ sou prezans oubyen Règleman sou Konduit la.

- 5136.02 - "SEXTING" (VOYE MESAJ SEKSYÈL SOU TELEFÒN)
  - Sexting se aksyon voye oubyen transmèt atravè telefòn selilè ak lòt medya elektwonik fotograf/imaj a karaktè seksyèl, toutouni, oubyen prèske toutouni. [add something about disciplinary measures] Se misyon Distri a pou l asire byennèt sosyal, fizik, sikolojik, ak akademik tout elèv. Nou atenn objektif edikasyonèl lekòl yo pi byen nan yon atmosfè konpòtman elèv ki sosyalman akseptab e ki ede pwosesis aprantisaj e enstriksyonèl la.

- 5500 - KONDUIT ELÈV AK DISIPLIN
  - Lekòl yo dwe pwomote yon anviwònman lekòl ki sipòte akonplisman akademik e ki konsantre sou sivilite, jistis, respè youn pou lòt, ansanm ak akseptans divèsite. *"Code of Student Conduct" (Règleman sou konduit Elèv) pou Lekòl Elemantè, Segondè, ak Apre Lekòl Segondè*, ki enkòpore pa referans, aplike pou tout elèv nan Distri a. Kopi dokiman sa yo anndan dosye 'Office of Board Recording Secretary', ansanm ak 'Citizen Information Center' e yod we disponib nan chak lekòl ansanm ak sant espesyalize yo.
  - Sipèentandan ak, direktè yo, ak lòt administratè ap asiyen estrateji disiplinè/korektif pou elèv, ann akò ak Règleman Konduit Elèv la epi, ann akò avèk dwa elèv la pou l defann tèt li, pou yo tande l nan kad yon odyans, e pou li ale ann apèl. Administrasyon Distri a

gen lòt règleman ki konsène fason pou kenbe bonjan konpòtman elèv li pibliye sou fòm memorandòm.

- Sipèentandan an dwe mete Règleman Konduit Elèv la disponib pou tout elèv ak paran yo.

- 5511 - RÈGLEMAN SOU ABIMAN AK INIFÒM LEKÒL
  - Nou atann pou elèv vin lekòl pwòp, byen penyen e byen abiye. Elèv ki gen rad, oubyen fason yo prezante, oubyen yo penyen, ki detounen atansyon lòt elèv oubyen pwofesè sou travay lekòl yo, n ap mande yo pou yo ranje rad yo yon fason prezantab anvan yo antre nan salklas la oubyen direktè lekòl la ap voye yo lakay pou yo prepare tèt yo kòrèkteman pou lekòl. Si yo pa fè sa, direktè lekòl la ap voye yo tounen lakay yo pou al konfòme yo, epi retounen lekòl. Elèv ki pa satisfè minimòm estanda akseptab nan domèn pwòpte ak nètete, jan direktè lekòl la espesifye nan règ sa a, riske pou yo pran mezi disiplinè apwopriye kont yo.

**Konvèsyon Dijital/Medya Sosyal**

- 7540.03 - RESPONSABLITE ELÈV POU TEKNOLOJI, MEDYA SOSYAL, AK SISTÈM REZO DISTRI A, AK SEKIRITE SOU ENTÈNÈT
  - Komisyon Konsèy Lekòl la ofri elèv aksè ak yon gran varyete teknoloji ak resous rezo ki ofri miltip opòtinite pou ogmante aprantisaj e amelyore kominikasyon nan distri lekòl la ak kominote a. Tout itilizatè, sepandan, dwe fè yon itilizasyon apwopriye e responsab avèk teknoloji ak sistèm enfòmasyon lekòl la ak Distri a. Itilizatè yo gen ladan nenpòt moun administrasyon an otorize itilize rezo a. Bi règ sa a se pou pwomote efikasite, sekirite, pwodiktivite, ak bonjan itilizasyon enstriksyonèl rezo enfòmasyon ak zouti kominikasyon yo.

**Opòtinite Egal**

- 2260 - SAN DISKRIMINASYON AK OPÒTINITE SOU AKSÈ EGAL NAN EDIKASYON
  - Komisyon Konsèy Lekòl la ap bay tout elèv opòtinite egal e li pap diskrimine oubyen tolere arasman nan pwogram oubyen aktivite edikasyonèl li yo sou kèlkeswa baz lalwa oubyen Règ Komisyon Konsèy entèdi.

- 5111.01 - ELÈV KI SANZABRI
  - Pwogram Pwojè 'UP-START' Distri a sèvi timoun ak ti jèn yo idantifye kòm yo satisfè definisyon Federal sou "sanzabri". Timoun ak ti jèn, tankou sa ki pa aktyèlman enskri lekòl akoz yo sanzabri, ap gen aksè egal nan menm "free appropriate public education (FAPE)" (edikasyon piblik, gratis, apwopriye) ki gen ladan pwogram edikasyon nan klas matènèl, menm jan yo bay tout lòt elèv ki nan Distri a.
  - Anplis, elèv ki sanzabri ap gen aksè ak lòt sèvis yo bezwen pou asire yon opòtinite pou yo satisfè menm defi Eta sou estanda akademik tout elèv genyen e yo patisipe konplètman nan aktivite akademik ak andeyò kourikoulòm Distri a si yo satisfè kritè elijibilite ki apwopriye pou pwogram sa yo. Konsa, yo pap majinalize oubyen separe elèv sanzabri sou baz kondisyon sanzabri yo e li dwe retire barye ki idantifye elèv ki sanzabri

ak jèn yo. Distri a dwe etabli yon sistem sekirite ki pwoteje elèv ki sanzabri kont diskriminasyon sou baz kondisyon sanzabri yo e li dwe retire tout baryè ki idantifye timoun ak jèn ki sanzabri.

**Edikasyon Elèv Eksepsyonèl/Seksyon 504**

- <u>2260.01 SEKSYON 504 PWOSEDI POU ELÈV KI GEN ANDIKAP</u>
  - Yon elèv gen dwa pou yon “free appropriate public education FAPE” (edikasyon leta apwopriye gratis) e ka gen dwa pou akomodasyon seksyon 504 si li gen yon andikap fizik oubyen mantal ki sibstansyèlman limite youn (1) oubyen plis gwo aktivite lavi.

- <u>2460 – EDIKASYON ELÈV EKSEPSYONÈL</u>
  - Komisyon Konsèy Lekòl a dwe ofri edikasyon piblik gratis, apwopriye pou elèv ki gen andikap ann akò avèk lwa, règ, ak regilasyon Eta e Federal yo e li dwe enplemante machasuiv ki nan dokiman ki rele “Exceptional Student Education Policies and Procedures (SP &P)” (Règ ak Machasuiv pou Edikasyon Elèv Eksepsyonèl).

- <u>LWA FLORID, SEKSYON 1003.572 – KOLABORASYON PIBLIK-PRIVE </u>“ ”

Paran ki vle mande kolaborasyon piblik-prive nan anbyans edikasyonèl la ta dwe voye demand li bay Direktè a pou aplikasyon pwosedi Distri yo. Demand ta dwe fèt alekri sou fòm Distri yo e espesifye rezon pou kolaborasyon an. Direktè a ap revize demand yo e bay apwobasyon li ann akò avèk machasuiv lwa yo.

**Pwomnad/Aktivite Sosyal nan Lekòl**

- <u>2340 - PWOMNAD</u>
  - Pwomnad ta dwe siplemante e anrichi pwosedi salklas yo nan ofri eksperyans aprantisaj nan yon anviwònman andeyò lekòl yo, eveye nouvo enterè pami elèv, ede elèv konekte eksperyans yo fè lekòl ak reyalite mond ki deyò lekòl la, pote resous nan kominote a - natirèl, atistik, endistriyèl, komèsyal, gouvènmantal, edikasyonèl - anndan eksperyans aprantisaj elèv la, e bay elèv opòtinite pou etidye vrè bagay ak vrè pwosesis nan anviwònman aktyèl yo a.
  - Pwomnad yo gen ladan tou nenpòt aktivite vwayaj elèv, ki planifye, apwouve kòm pati pwogram edikasyonèl total Distri a e ki anba sipèvizyon ak kontwòl dirèk yon anplwaye enstriksyonèl oubyen nenpòt konseye Sipèentandan an deziyen.

- <u>5850 - EVÈNMAN SOSYAL NAN LEKÒL YO</u>
  - Nou ap mete disponib etablisman lekòl ak anplwaye apwopriye pou evènman sosyal direktè la apwouve anndan oubyen deyò etablisman lekòl yo.

- <u>8640 - TRANSPÒ POU PWOMNAD</u>
  - Nou gen machin lekòl regilye oubyen espesyal ap sèvi pou transpòte elèv ki pral nan pwomnad. Machin sa yo dwe se pwopriyete Distri a oswa Distri a dwe apwouve yo e se chofè Distri a ki dwe kondui yo.

**Obligasyon Finansye**

- 6152 – FRÈ ELÈV GEN POU PEYE
  - Komisyon Konsèy Lekòl la ka mete sèten taks sou lajan yo chaje elèv pou fasilite itilizasyon materyèl aprantisaj ki adekwat, apwopriye pandan enstriksyon elèv la.

**Règ sou Manje ak Nitrisyon/Byennèt**

- 8500 - SÈVIS MANJE
  - Pwogram sèvis Manje ak Nitrisyon fè efò pou l ofri sèvis manje lekòl ki konsistan avèk bezwen nitrisyonèl elèv, e ofri sèvis manje ki kontribye a eksperyans edikasyonèl ak devlopman abitid manje ki dezirab kay elèv la.

- 8510 - RÈG SOU BYENNÈT
  - Distri a pran angajman pou ofri yon anviwònman ki pwomote sante pou elèv ak pou anplwaye anndan anviwònman lekòl la, nan rekonèt moun dwe fizikman, mantalman, ak sosyalman ansante pou yo ka pwomote byennèt ak pèfòmans akademik.
  - Distri a vize akonpli senk objektif: nitrisyon, edikasyon fizik, aktivite fizik: rekreyasyon, konesans debaz sou sante ak nitrisyon e swen sante prevantif.
  - Règleman Byennèt Distri a bay direktiv pou manje yo vann nan lakou lekòl la nan bi pou aktivite pou ranmase lajan.

- 8531 – REPA ELÈV
  - Tout elèv pral resevwa tout repa (dejne ak repa midi) gratis pandan ane lekòl 2023-2024 la piske distri a ap kontinye avèk Pwovizyon Elijibilite Kominotè Depatman Agrikilti Etazini.

**Aktivite pou Kolekte Lajan**

- 5830 – AKTIVITE ELÈV POU KOLEKTE LAJAN
  - Nou limite aktivite pou elèv kolekte lajan pou anpeche entèripsyon e sa gen ladan solisitasyon ak koleksyon lajan pou kèlkeswa bi tankou koleksyon lajan an echanj pou tikè, papye, oubyen lòt atik oubyen sèvis. Nou pèmèt aktivite pou elèv kolekte lajan nan lekòl, sou pwopriyete lekòl, oubyen nan nenpòt evènman lekòl la òganize sèlman lè pwofi a se pou objektif lekòl la oubyen pou yon aktivite konekte avèk lekòl yo.
  - Okenn elèv, òganizasyon lekòl oubyen anplwaye pa ka solisite fon nan non lekòl la nan men piblik la pou okenn rezon san otorizasyon alavans direktè lekòl la ak Sipèentandan Rejyon an oubyen moun li deziyen. Tout apwobasyon dwe fèt alekri yo dwe rete nan lekòl la pou rezon odit.

- 6605 - FINANSMAN KOLEKTIF
  - Nou ka pèmèt aktivite finansman kolektif ki fèt pou kolekte lajan pou yon aktivite espesifik nan salklas oubyen nan lekòl, tankou aktivite andeyò lekòl, oubyen pou jwenn resous siplemantè (egzanp, founiti oubyen ekipman) ki pa obligatwa pou ofri yon edikasyon piblik gratis e apwopriye bay kèlkeswa elèv nan salklas la, men sèlman avèk apwobasyon direktè la ak administratè rejyon an. Finansman kolektif pou koz espesifik mande apwobasyon Sipèentandan an oubyen moun li deziyen an.

- 9211 – LEKÒL – ALYE YO AK LÒT ÒGANIZASYON SIPÒ ANDEYÒ LEKÒL YO
  - Komisyon Konsèy Lekòl la apresye efò tout òganizasyon ki gen objektif pou amelyore eksperyans edikasyonèl elèv Distri a, pou ede yo satisfè bezwen edikasyonèl elèv yo e/oubyen ofri benefis edikasyonèl adisyonèl.

**Sèvis Sante**

- 2410 – PWOGRAM SÈVIS SANTE NAN LEKÒL
  - Sèvis sante Distri a ap ofri ap siplemante, men pa ranplase responsablite paran, e li ap evalye, pwoteje, e pwomote sante elèv. Sèvis sa yo ap fèt pou ankouraje paran konsantre atansyon yo sou sante timoun, pou idantifye pwoblèm sante, e ankouraje itilizasyon sèvis doktè, dantis, ak ajans kominotè lè gen bezwen.
  - Depistaj vizyon, ekout, 'scoliosis,' kwasans ak devlopman fèt sou baz obligatwa selon nivo ane eskolè yo. Depistaj pa ranplase yon egzamen konplè nan yon klinik kote yo bay swen medikal. Paran/gadyen dwe bay lekòl la **notifikasyon alekri** ki di yo **pa dakò** pou pitit yo patisipe nan pwogram depistaj sante a.

  2410.01 SÈVIS SANTE MANTAL
  - Dapre "F.S" (Lwa Florid) 1006.041, Komisyon Konsèy Lekòl la pral enplemante pwogram asistans sante mantal ki baze nan lekòl e ki gen ladan fòmasyon pou pwofesè nan salklas ansanm ak lòt anplwaye pou detekte e reyaji lè gen sitiyasyon ki gen rapò ak sante mantal ansanm ak konekte timoun, jèn, ak fanmi ki petèt ap fè fas ak pwoblèm konpòtman, avèk sèvis ki apwopriye yo.

**Devwa**

- 2330 - DEVWA
  - Devwa se yon aspè esansyèl nan pwosesis aprantisaj pou elèv lè yo ba yo fè aktivite aprantisaj ki fè sans. Travay yo bay elèv yo dwe baze sou objektif aprantisaj ki devlope konpreyansyon elèv la sou konsèp, devlope ladrès panse, e konsantre sou aplikasyon konesans. Devwa yo bay elèv yod we angaje yo nan bonjan aprantisaj ki fè sans e ki satisfè bezwen akademik yo, avèk devwa ki konsantre sou kalite ak pwofondè olye de longè ak repetisyon. Pwofesè pa dwe bay devwa pou pini elèv.

**Estaj**

- 2424 – ESTAJ POU ELÈV
  - Patisipasyon elèv nan yon pwogram estaj "High School to Business Career Enhancement Act" (Akò Amelyorasyon Chemen Lekòl Segondè pou Karyè nan Biznis) ki otorize, ka sèvi kòm yon eksperyans edikasyonèl pozitif e li ka ofri yon fondasyon pou opòtinite anplwa nan lavni.

**Chwa Paran pou Transfè Elèv**

- 2431 – AKTIVITE ATLETIK PAMI LEKÒL
  - Pwogram Distri a pou aktivite atletik pami lekòl dwe gen ladan tout aktivite ki gen rapò avèk konkou espòtif konpetitif, jwèt, oubyen evènman ki gen ladan elèv endividyèl

oubyen ekip elèv ki soti nan lekòl segondè nan Distri a avèk elèv ki soti nan yon lekòl segondè yon lòt distri. Ekip atletik Lekòl Mwayen/Sant K-8 yo pa dwe al jwe nan lòt konte oubyen avèk ekip oswa kont ekip ki soti nan lòt konte. Tout elèv dwe jwenn pèmisyon pou yo chwazi pwòp aktivie espòtif nan ekip lekòl yo san yo pa fòse yo oswa san okenn entèferans anplwaye lekòl yo.

- Tout lekòl segondè dwe manm "Florida High School Athletic Association (FHSAA)" (Asosyasyon Atletik Lekòl Segondè Florid) e se règ ak regilasyon asosyasyon sa a ki ap gouvène yo e yo dwe satisfè kondisyon elijibilite FHSAA etabli.

- 5120 – LEKÒL YO ASIYEN ELÈV AK KOMITE POU LIMIT PREZANS
  - Asiyasyon elèv nan lekòl Distri a ap konsistan ak meyè enterè elèv yo ansanm ak meyè itilizasyon resous Distri a.

- 5131 –ENSKRIPSYON OUVÈ KONTWOLE/TRANSFÈ POU PARAN/ELÈV
  - Règ sa a gouvène tout transfè regilye soti nan yon (1) lekòl pou ale nan yon lòt, eksepte transfè pou ale nan pwogram/lekòl Magnet ki gen kondisyon admisyon espesifik Règ Komisyon Konsèy Lekòl 2370, Pwogram/Lekòl Magnet yo, gouvène.
  - Enskripsyon Ouvè Kontwole a pèmèt Distri Lekòl la asiyen lekòl K-12 yo nan itilize chwa edikasyonèl paran yo prefere anndan konte a e andeyò konte a. Seksyon sa a nan règ la pa aplike pou lekòl 'charter' yo. Lekòl 'charter' yo dwe adopte pwòp plan enskripsyon ouvè kontwole pa yo.
  - Enskripsyon Ouvè Kontwole a aktif pandan yon peryòd disponibilite espesifik ant fen ane a ak ane lekòl ki ap vini an. Transfè enskripsyon ouvè kontwole yo dwe jwenn apwobasyon Sipèentandan Rejyon an.

**Patisipasyon Paran**

- 2111 – PATISIPASYON PARAN – YON PATENARYA LAKAY -LEKÒL-DISTRI
  - Nou ankouraje yon anviwònman kolaboratif kote paran ak fanmi elèv nan Distri a jwenn envitasyon ak ankourajman pou yo patisipe kòm moun ki gen enterè nan kominote lekòl la. Règ sa a etabli kad ak responsablite pou enplemantasyon estrateji pou ogmante patisipasyon fanmi ak kominote a. Nou ap distribye yon kopi règ sa a bay tout paran.

- 5780 – DEKLARASYON SOU DWA PARAN
  - Deklarasyon sou Dwa Paran an gen ladan enfòmasyon konsènan règ Komisyon Konsèy Lekòl la ki sipòte angajman solid, kontinyèl paran ak kominote a nan tout aspè pwogram ak aktivite lekòl yo, e li ofri sipò pou amelyorasyon mezirab nan akonplisman elèv. Gade tou https://parentsbillofrights.dadeschools.net/.

- 9210 – ÒGANIZASYON PARAN
  - Yo rekonèt "Parent-Teacher/Parent-Teacher-Student Associations (PTA/PTSA)" (Asosyasyon Paran-Pwofesè/Paran-Pwofesè-Elèv) kòm sipòtè ki trè enterese, e ki trè devwe nan edikasyon piblik nan Miami-Dade County.

**Sèman Fidelite**

- 8810 – DRAPO AMERIKEN AN AK DEVIZ OFISYÈL ETA FLORID LA
  - Elèv dwe resite “The Pledge of Allegiance” (Sèman Fidelite) a nan kòmansman jounen an nan chak lekòl.
  - Yon elèv gen dwa pou l pa patisipe nan resite sèman an. Si yon elèv gen yon demand alekri paran l ba li, yo dwe dispanse l de resitasyon sèman an, sa gen ladan kanpe e mete men dwat li sou kè li.

**Vi Prive**

- 2416 – VI PRIVE ELÈV AK AKSÈ PARAN AK ENFÒMASYON
  - Paran gen dwa pou yo enspekte, si yo fè demand la, yon sondaj oubyen yon evalyasyon yon tyès pati kreye oubyen nenpòt enstriman yo itilize pou kolekte enfòmasyon pèsonèl avan yo te administre ankèt/evalyasyon an oubyen avan lekòl la distribye l bay elèv la. Paran an ap gen aksè ak ankèt/evalyasyon an oubyen enstriman yo te itilize a nan yon peryòd tan ki rezonab apre direktè lekòl la resevwa demand lan.

**Lekòl Chwa/Lekòl Magnet**

- 2370 – PWOGRAM/LEKÒL ‘MAGNET’
  - Pwogram/lekòl ‘Magnet’ yo elaji chwa lekòl leta yo, yo adrese rediksyon nan enskripsyon, yo redui chans pou gen twòp elèv nan salklas, yo ede respekte lwa obligatwa Federal ak lwa Eta a, yo akomode enterè paran/elèv, yo amelyore kalite edikasyon, e yo pwomote divèsite nan enskripsyon elèv. Pwogram/Lekòl ‘magnet’ yo se pwogram edikasyonèl san parèy ki ap fonksyone nan Distri a, ki dwe resevwa resous adisyonèl e/oubyen sèvis ki pa obligatwa pou mete eksperyans edikasyonèl sa yo disponib pou elèv, andeyò yon sèl zòn prezans lekòl.

**Aktivite Elèv**

- 5845 – AKTIVITE ELÈV
  - Tout klib ak òganizasyon direktè lekòl la apwouve pou fonksyone nan lekòl la dwe respekte règ distri sa a. Yon elèv ki swete reprezante lekòl li nan konpetisyon oubyen pèfòmans avèk lòt lekòl dwe respekte kritè ki etabli yo.

**Dosye Elèv/Aksè ak Dosye Elèv**

- 8330 – ENFÒMASYON ELÈV, DOSYE ELÈV, AK DWA SOU VI PRIVE
  - Pou ofri sèvis edikasyonèl ansanm ak pwogramasyon ki apwopriye, Komisyon Konsèy Lekòl la gen otorite pou l kreye dosye edikasyonè elèv e li responsab pou li kenbe yo, revize yo pou wè si yo kòrèk, e pou li mete kondisyon pou moun gen aksè ak dosye sa yo. Nou kontinye ap fè efò pou n pwoteje enfòmasyon ki nan dosye edikasyonèl elèv yo, pou yo toujou rete prive e kòrèk.
  - Paran ak elèv ki elijib yo gen dwa pou yo gen aksè ak dosye edikasyonèl, tankou dwa pou yo enspekte e revize dosye sa yo, e yo gen dwa pou yo abandone dwa aksè yo nan dosye edikasyonèl sa yo nan kèk sikonstans. Paran, gadyen, oubyen elèv ki elijib la dwe resevwa konsantman alekri alavans pou yo ka jwenn aksè ak enfòmasyon elèv ki pèsonèlman idantifyab, eksepte nan kèk sikonstans.

- 8350 - KONFIDANSYALITE
  - Yo pap ka pibliye dosye edikasyonèl ak tout lòt enfòmasyon ki pèsonèlman idantifyab yon elèv eksepte nan kondisyon kote enfòmasyon yo ap pibliye a pa pral jwenn okenn lòt pati apre sa, san paran an oubyen adilt/elèv ki elijib la pa bay konsantman li alavans.

**Sèvis Elèv**

- 2290 – EDIKASYON SOU KARAKTÈ
  - Komisyon Konsèy Lekòl la ede tout elèv pou yo devlope valè debaz ak fòs karaktè yo bezwen pou yo vin sitwayen ki sansib, responsab lakay, nan lekòl, e nan kominote a. Genyen nèf valè debaz ki fòme fondasyon pwogram edikasyon sou karaktè a. Valè sa yo se Sitwayènte, Koperasyon, Jistis, Onètete, Jantiyès, Entegrite, Pousuit Ekselans, Respè, ak Responsabilite.

- 5530 – PREVANSYON KONT DWÒG
  - Lekòl yo dwe travay pou fè prevansyon kont abi dwòg e yo dwe ede timoun ki ap pran dwòg atravè mwayen edikasyonèl.
  - Nou entèdi Itilizasyon, posesyon, disimilasyon, oubyen distribisyon kèlkeswa dwòg oubyen akseswa ki gen rapò ak dwòg, oubyen move itilizasyon yon pwodui ki gen yon sibstans ki ka lakoz entoksikasyon oubyen ki ka chanje atitid moun oubyen move itilizasyon medikaman oubyen sibstans “over-the-counter" (san preskripsyon) nan lekòl yo, nan machin lekòl yo, e nan kèlkeswa aktivite lekòl la patwone.

**Pwogram ‘Title I’ Atravè Lekòl yo**

- 2261 – SÈVIS ‘TITLE I’
  - Komisyon Konsèy Lekòl la chwazi pou l ogmante pwogram edikasyonèl pou elèv ki defavorize yo atravè itilizasyon fon Federal, ann akò avèk demand legal ki nan “Elementary and Secondary Education Act (ESEA)” (Akò Amelyorasyon Lekòl Elemantè ak Segondè) 1965, jan yo re-otorize li nan “Every Student Succeeds Act” (Akò Chak Elèv ap Gen Siksè) 2015 la. ESEA a baze souk at (4) prensip debaz: Responsablite ki pi fò pou rezilta, fleksibilite ak kontwòl lokal ki ogmante, opsyon pwolonje pou paran, ak yon aksan sou metòd edikasyonèl ki pwouve. Nou ankouraje paran elèv ki ap patisipe pou yo vin aktif nan pwogram, aktivite, ak pwosedi ki planifye e enplemante pou sipòte kwasans akademik timoun.

**Teknoloji**

- 7540 – TEKNOLOJI ÒDINATÈ AK REZO
  - Komisyon Konsèy Lekòl la pran angajman li pou l sèvi ak teknoloji pou toude, amelyore kalite aprantisaj elèv la ak efikasite fonksyònman Komisyon Konsèy yo. Komite Konsèy Lekòl limite elèv ak anplwaye pou yo gen aksè ak itilizasyon rezo Distri a, eksepte pou objektif edikasyonèl.

- 7540.01 – KONFIDANSYALITE NAN TEKNOLOJI K
  - Nou konsidere tout teknoloji Distri a kòm pwopriyete Distri a, jan yo defini sa nan Règleman 7540 la, e yo dwe premyèman sèvi pou biznis oswa objektif edikasyonèl.

Distri a gen dwa pou l gen aksè e kontwole tout teknoloji Distri a, sa gen ladan rezo Distri a, nenpòt lè. Moun k ap itilize teknoloji Distri a pa dwe atann pou enfòmasyon ki sou sistèm sa yo ap konfidansyèl oswa prive.

- 7540.03 – ITILIZASYON ELÈV YO FÈ DE TEKNOLOJI, MEDYA SOSYAL, AK REZO DISTRI A YON FASON KI RESPONSAB, & SEKIRITE SOU ENTÈNÈT
    - Komisyon Konsèy Lekòl la ofri elèv yo aksè sou yon gran varyete resous teknoloji ak rezo ki ba yo divès opòtinite pou amelyore aprantisaj ansanm ak kominikasyon nan distri a ak kominote a. Sepandan, tout moun ki ap itilize teknoloji ansanm ak sistèm enfòmatik Distri a dwe fè sa yon fason ki responsab. Pami itilizatè yo genyen nenpòt moun ki gen otorizasyon administrasyon an pou itilize rezo a. Règleman sa a fèt pou pwomote itilizasyon enfòmasyon ki sou rezo a ansanm ak zouti kominikasyon yo yon fason ki pi efikas, ki gen plis sekirite, ki pi pwodiktif, e ki pi apwopriye edikasyonèlman.

- <u>7540.06 – KOURYE ELEKTWONIK ELÈV YO</u>
    - Règ sa a etabli fason elèv yo itilize sistèm kourye elektwonik (imèl) Distri a, e li aplike pou tout mesaj elektwonik e pou chak an patikiltye nenpòt moun konpoze, voye oubyen resevwa nan sèvi ak sistèm imèl elèv Distri a. Itilizatè ki otorize pou itilize sistèm imèl yo se elèv, paran yo ak nenpòt lòt moun oubyen gwoup Distri a bay kont imèl elèv yo.

**Jesyon Menas**

- <u>LWA FLORID, SEKSYON 1006.07(7)</u>
    - “The Marjory Stoneman Douglas Act” (Akò Marjory Stoneman Douglas), pami lòt bagay, mande distri lekòl la pou fòme Ekip Evalyasyon Menas nan chak lekòl pou kowòdone resous ak evalyasyon ansanm ak entèvansyon avèk moun konpòtman yo ka poze yon menas pou sekirite anplwaye ak elèv lekòl la.

**Vizitè**

- <u>9150 – VIZITÈ LEKÒL</u>
    - Nou ankouraje paran, lòt adilt k ap viv nan kominote a, ansanm ak edikatè ki enterese pou yo vizite lekòl yo. Tout vizitè dwe prezante idantifikasyon yo ap pase atravè sistèm ‘RAPTOR’ Distri a anvan yo kite yo antre nan kanpous lekòl la.
    - Sepandan, Direktè lekòl la gen otorite pou l anpeche kèlkeswa moun ki ap antre nan yon lekòl oubyen pou l mande nenpòt moun kite lekòl la lè li gen rezon pou l kwè prezans moun sa a ka nuizib pou lekòl la. Si yon moun refize kite etablisman lekòl la oubyen li kreye pwoblèm nan lekòl la, direktè a otorize pou l mande asistans Polis Lekòl la oubyen ajans lokal aplikasyon lalwa pou mete endividi sa a deyò. Refi yon vizitè pou li obeyi lòd direktè lekòl la pou kite kanpous lekòl la, ap lakoz yo arete vizitè a.

**Pwogram Volontè**

- <u>2430.01 – VOLONTÈ LEKÒL</u>
    - Komisyon Konsèy Lekòl la rekonèt gen sèten pwogram ak aktivite ki ka amelyore atravè itilizasyon volontè ki gen konesans oubyen ladrès k ap itil pou anplwaye lekòl la ki

responsab pou dirije pwogram ak aktivite sa yo. Yon volontè lekòl se nenpòt moun yo pa peye, Sipèentandan oubyen yon moun li deziyen nonmen. Volontè lekòl yo se, men yo pa limite ak, paran, moun aje, elèv, ak lòt moun ki ap ede pwofesè a oubyen lòt anplwaye lekòl la.

# Apendis C – Dwa Paran

**Dwa ak Responsablite Paran Daprè Lwa Florid yo:**

1. Daprè lwa s. 1002.20(3)(d) ak Règ Komisyon Konsèy 2417, *Kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imèn*, yon paran gen dwa pou chwazi retire pitit minè li a nan nenpòt pòsyon edikasyon konplè sou sante distri lekòl la egzije daprè lwa s. 1003.42(2)(n) ki gen rapò ak enstriksyon edikasyon seksyèl nan akizisyon edikasyon kondisyon defisyans iminitè oswa nenpòt enstriksyon konsènan seksyalite. Ou ka jwenn fom egzanpsyon pou paran mande pou pitit yo soti nan pwogram nan la a pou klas 6èm-8èm ane e pou klas 9èm-12èm ane.

2. Daprè lwa s. 1002.20(6) ak Règ Komisyon Konsèy 2370, *Lekòl Magnet* ak 5131, *Transfè Elèv ak Enskripsyon Ouvè Kontwole*, ak 9800, *'Charter Schools' (Lekòl Endepandan yo)* yo bay paran opsyon chwa lekòl, ki gen ladan ouvèti enskripsyon.

3. Ann akò avèk lwa s. 1002.20(3)(b) ak Règ Komisyon Konsèy 5320, *Vaksinasyon*, yon paran gen dwa pou egzante pitit minè li pou pa pran vaksen.

4. Ann akò avèk lwa s. 1008.22 ak Règ Komisyon Konsèy 2623, *Evalyasyon Elèv*, yon paran gen dwa pou revize rezilta evalyasyon estandadize ofisyèl eta a.

5. Ann akò avèk lwa s. 1003.57 ak Règ Komisyon Konsèy 2460, *Edikasyon Elèv Eksepsyonèl* ak *Règleman ak Pwosedi Edikasyon Elèv Eksepsyonèl* (SP&P), ki enkòpore daprè referans, yon paran gen dwa pou enskri pitit minè li nan pwogram edikasyon espesyal oswa edikasyon espesyalize.

6. Ann akò avèk lwa s. 1006.28(2)(a)1. ak Règ Komisyon Konsèy 2510, *Materyèl Enstriksyonèl* ak 2540, *Itilizasyon Enstriksyonèl Materyèl Odyovizyèl*, yon paran gen dwa pou enspekte materyèl enstriksyon distri lekòl yo.

7. Ann akò avèk lwa s. 1008.25 ak Règ Komisyon Konsèy 5410, *Plan Pwogrèsyon Elèv*, yon paran gen dwa pou jwenn aksè sou enfòmasyon ki gen rapò ak règ distri lekòl la pou pwomosyon oswa retansyon, ki gen ladan demand gradyasyon lekòl segondè.

8. Ann akò avèk lwa s. 1002.20(14) ak Règ Komisyon Konsèy 5410, *Plan Pwogresyon Elèv* ak 5200, *Prezans*, yon paran gen dwa pou resevwa yon kanè lekòl epi yo dwe enfòme li sou kondisyon prezans timoun minè li yo.

9. Ann akò avèk s. 1002.23 ak Règ Komisyon Konsèy 2215, *Pwogram Enstriksyon*, 2510, *Materyèl Enstriksyonèl ak Resous*, 2540, *Itilizasyon Enstriksyonèl Materyèl Odyovizyèl,* 5410, *Plan Pwogresyon Elèv*, ak 5200, *Prezans*, yon paran gen dwa pou jwenn aksè sou enfòmasyon ki gen rapò ak sistèm edikasyon piblik eta a, estanda eta a, demand kanè lekòl yo, demand pou prezans, ak demand materyèl ansèyman yo.

10. Ann akò avèk s. 1002.23(4) ak Règ Konsèy 2125, *Konsèy Konsiltatif Lekòl Edikasyon Ekselan* ak *Règ Komisyon Konsèy* 9210, *Òganizasyon Paran*, yon paran gen dwa pou patisipe nan asosyasyon paran-pwofesè ak òganizasyon yon komisyon konsèy lekòl distri oswa Depatman Edikasyon sanksyone.

11. Ann akò avèk lwa ak s. 1002.222(1)(a) ak Règ Komisyon Konsèy 2416, *Konfidansyalite Elèv ak Aksè Paran nan Enfòmasyon*, yon paran gen dwa pou patisipe nan nenpòt koleksyon done nan nivo distri a ki gen rapò ak pitit minè li oswa sa lalwa pa egzije.

Dwa paran yo pa otorize paran yon timoun minè pou angaje yo nan yon konduit ilegal oswa pou yo abize oswa neglije pitit minè yo an vyolasyon lwa jeneral yo. Dwa paran ki endike anwo yo pa entèdi oswa anpeche aktivite byennèt timoun yo, oswa nenpòt lòt devwa konstitisyonèl oswa legal ki di lekontrè, lè se jiridiksyon yon tribinal konpetan, ofisye lapolis oswa anplwaye nan yon ajans gouvènman ki ap egzekite yo.

**APENDIS D – 'FortifyFL'**



# FortifyFL

Fason pou W Rapòte Aktivite ki Parèt Sispèk

## Voye yon Enfòmasyon Byen Vit e Byen Fasil

Lè Elèv Antre sou FortifyFL, yo ka bay yon deskripsyon sou menas la, pataje foto ak videyo e si yo vle, yo ka bay enfòmasyon pèsonèl yo.

**Bay Non Ou oswa Pa Bay Non ou**
Se ou ki ap deside si ou vle bay non ou ak enfòmasyon sou kontak ou.

**Fasil**
Voye yon enfòmasyon ka fèt byen vit e byen fasil lè w itilize aplikasyon an oswa sit entènèt nou an.

**Mete Foto ak Videyo**
Ou ka mete tou foto oswa videyo lè w ap rapòte enfòmasyon an.

**VOYE L BYEN VIT BAY OTORITE YO**
**FortifyFL voye rapò a otomatikman bay ajans lalwa ki apwopriye yo ansanm ak ofisyèl lekòl yo.**

**Ofisyèl Lekòl Ou yo**
Enfòmasyon ou rapòte a ale jwenn ofisyèl lekòl nan lokalite w la, lè w voye l.

**Lapolis Lokal**
Depatman polis nan lokalite w la resevwa kopi enfòmasyon w voye yo otomatikman.

**Ofisyèl nan Nivo Eta a**
Ofisyèl nan eta yo gen aksè ak enfòmasyon ou voye yo tou, pou asire yo pran mezi ki nesesè yo.

'FortifyFL' se yon zouti pou rapòte aktivite sispèk ki pèmèt ou voye enfòmasyon imedyatman bay ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye a ak ofisyèl lekòl yo. Se Lejislati Florid 2018 la ki te kreye e finanse FortifyFL kom yon pati nan Akò Sekirite Lekòl Piblik ki rele Marjory Stoneman Douglas Senior High Schools.

**#FORTIFYFL**
**GETFORTIFYFL.COM**

# Apendis E – Feyè ak Règ Kont Diskriminasyon/Arasman

**KOMISYON KONSÈY LEKÒL MIAMI-DADE COUNTY, FLORID**
**SUIV RÈG KONT DISKRIMINASYON NAN ANVIWÒNMAN EDIKASYONÈL AK ANPLWA**

## DISKRIMINASYON / ARASMAN

Se règ Komisyon Konsèy Lekòl la pou yo trete tout elèv e anplwaye avèk respè. Komisyon Konsèy Lekòl la aktivman eseye ofri yon anviwònman travay e edikasyonèl ki pa gen diskriminasyon ak arasman (ki gen ladan arasman seksyèl), jan lalwa mande l. Atravè règ sa a, Komisyon Konsèy Lekòl la etabli entansyon li pou ofri aksè, opòtinite, ak tretman egal bay elèv ki nan fason l ap ofri pwogram ak aktivite edikasyonèl pou moun k ap aplike pou travay ak anplwaye nan tout aspè anplwa a. Komisyon Konsèy Lekòl la PAP tolere denigreman, entimidasyon, tretman agresif, vyolans, oubyen konpòtman vèbal oubyen fizik kont yon elèv oubyen anplwaye ki reflete ras li, orijin etnik oubyen nasyonal, sèks oubyen nenpòt nan kategori nou dekri anba a.

### Règ Komisyon Konsèy Lekòl la Kouvri Kategori Pwoteje sa yo:

**LAJ** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz laj li.

**KONDISYON SITWAYÈNTE** - Kategori sa a anpeche yo refize anplwa e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz kondisyon sitwayènte oubyen kondisyon imigrasyon yon moun.

**KOULÈ** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz koulè po li. Diskriminasyon koulè ka rive anndan menm ras la; pa egzanp yon moun ki pi fonse ka diskrimine kont yon moun ki pi klè.

**ANDIKAP** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz moun nan genyen, oubyen yo panse li genyen yon andikap pèmanan ki limite oubyen anpeche yon gwo aktivite nan lavi li yon fason konsiderab; pa egzanp: mache, wè, tande, pale, chita, oubyen kanpe.

**ORIJIN ETNIK/NASYONAL** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz kote zansèt moun nan soti; oubyen akoz moun nan genyen karakteristik fizik, kiltirèl oubyen lengwistik yon gwoup patikilye.

**SÈKS** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz idantite fi/gason oubyen sèks li.

**IDANTITE SEKSYÈL** – Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz idantite ki gen rapò ak sèks, aparans, ekspresyon oubyen konpòtman li, kèlkeswa sèks li te genyen lè ti te fèt.

**"GENETIC INFORMATION (GINA)" (ENFÒMASYON JENETIK)** - Kategori sa a entèdi yo refize anplwa egal e/oubyen arasman akoz enfòmasyon jenetik yon moun; li asire yo pa trete moun diferamman akoz enfòmasyon jenetik.

**PREFERANS LENGWISTIK** - Kategori sa a entèdi yo bay yon moun travay e/oubyen opòtnite edikasyonèl akoz lang li pale.

**KONDISYON MARITAL** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz kondisyon marital li; sètadi, selibatè, marye, vèf, oubyen divòse.

**IDEYOLOJI POLITIK** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz sipò e/oubyen afilyasyon li oubyen li pa manm yon pati politik an patikilye.

**GWOSÈS** - Kategori sa a anpeche yo refize fi ki ansent travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl.

**RAS** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz ras li. Senk kategori yo rekonèt federalman yo se Endyen Ameriken oubyen Natif Alaska, Azyatik, Nwa oubyen Afriken Ameriken, Awayen oubyen lòt moun ki soti nan Zile Pasifik, ak Blan. Moun ki soti nan ras melanje pa bezwen pwouve eritaj egzak yo pou yo ka afime yo diskrimine kont yo sou baz ras. Konsa tou, kategori sa a kouvri moun y ap diskrimine kont yo akoz yo marye avèk moun ki diferan ras ak yo.

**RELIJYON** – Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz li sensè ak kwayans relijye li.

**SÈKS** - Kategori sa a entèdi yo refize anplwa egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz yon moun se fi oubyen gason.

**ORYANTASYON SEKSYÈL** - Kategori sa a entèdi yo refize anplwa egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz yon moun se oubyen yo pèsevwa li kòm yon lesbyèn, omoseksyèl, bi-seksyèl, oubyen etewoseksyèl.

**ISTWA SOSYAL AK FAMILYAL** – Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akoz istwa sosyo-ekonomik, familyal e/oubyen istwa edikasyonèl li.

### Nou PAP Tolere Arasman Seksyèl.

**LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY (M-DCPS) PA FÈ DISKRIMINASYON SOU BAZ SÈKS NAN OKENN NAN PWOGRAM OUBYEN AKTIVITE L AP OPERE JAN 'TITLE IX' MANDE SA. M-DCPS PA FÈ TOU DISKRIMINASYON SOU BAZ SÈKS NAN ADMISYON OUBYEN ANPLWA.**

### LALWA ENTÈDI VANJANS KONT YON ELÈV OUBYEN YON ANPLWAYE KI POTE YON PLENT

Vanjans fèt lè yo pran yon move aksyon kont yon anplwaye paske li angaje li nan yon aktivite ki pwoteje, tankou pote plent kont diskriminasyon, menase pou fè yon akizasyon sou diskriminasyon, oubyen patisipe nan yon envestigasyon ki ap fèt.

**Pou plis enfòmasyon sou Title IX oubyen nenpòt lòt enkyetid sou diskriminasyon/arasman kontakte Asistan Sekretè Depatman Edikasyon Etazini pou Dwa Sivil e/oubyen:**

**Office of Civil Rights Compliance (CRC)**
Executive Director/Title IX Coordinator
155 N.E. 15th Street, Suite P104E
Miami, Florida 33132
Phone: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400
Email: crc@dadeschools.net
Website: https://www.hrdadeschools.net/civilrights/

**Pou plis Enfòmasyon sou Seksyon 504 Akò Reyabilitasyon 1973 la oubyen sou nenpòt lòt enkyetid sou andikap elèv kontakte:**

**Division of Special Education**
504 Coordinator
1501 N.E. 2nd Avenue, Suite 409
Miami, Florida 33132
Phone: (305) 995-2037 TDD: (305) 995-2400
Email: ese@dadeschools.net
Website: http://ese.dadeschools.net

Rev: 07/2020

## Règ Kont Diskriminasyon

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid aplike règ kont diskriminasyon nan anplwa ak pwogram/aktivite edikasyonèl e li fè efò pozitif pou ofri opòtinite egal pou tout moun nan:

**"Title VI of the Civil Rights Act of 1964" (Akò 1964 sou Dwa Sivil 'Title VI')** - entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, oubyen orijin nasyonal.

**"Title VII of the Civil Rights Act of 1964" (Akò 1964 sou Dwa Sivil 'Title VII') jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz ras, koulè, relijyon, sèks (fi/gason) oubyen orijin nasyonal.**

**"Title IX of the Education Amendments of 1972" (Amandman 1972 nan Edikasyon 'Title IX')** - entèdi diskriminasyon sou baz sèks (fi/gason). M-DCPS pa diskrimine sou baz sèks nan kèlkeswa pwogram edikasyon oubyen aktivite li opere jan Title IX mande l. M-DCPS pa diskrimine tou sou baz sèks nan admisyon oubyen anplwa.

**"Age Discrimination Act of 1975" (Akò 1975 Kont Diskriminasyon sou Laj)** - entèdi diskriminasyon baze sou laj nan pwogram oubyen aktivite.

**"Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA)" (Akò 1967 Kont Diskriminasyon sou Laj nan Anplwa) jan yo mande li** - entèdi diskriminasyon sou baz laj nan sa ki konsène moun ki gen omwen 40 an.

**"The Equal Pay Act of 1963" (Akò 1963 sou Egalite nan Salè) jan yo amande li** – entèdi diskriminasyon kont sèks (fi/gason) nan salè pou fi ak gason ki ap pèfòme sibstansyèlman travay egal nan menm etablisman an.

**"Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973" (Seksyon 504 Akò 1973 sou Reyabilitasyon)** – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap.

**"Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)" (Akò 1990 sou Ameriken ki gen Andikap)** – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap nan anplwa, sèvis leta, akomodasyon piblik ak telekominikasyon.

**"The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA)" (Akò 1993 sou Vakans Medikal ak Fanmi)** – mande pou anplwayè ki anba akò sa a bay jiska 12 semèn vankans san peye pou pwoteksyon travay pou anplwaye ki elijib pou sèten rezon familyal ak medikal.

**"The Pregnancy Discrimination Act of 1978" (Akò 1978 Kont Diskriminasyon nan Gwosès)** – Entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz gwosès, akouchman, oubyen kondisyon medikal ki gen rapò ak sa.

**"Florida Educational Equity Act (FEEA)" (Akò sou Egalite nan Edikasyon nan Florid)** – entèdi diskriminasyon sou baz ras, sèks (fi/gason), orijin nasyonal, kondisyon marital, oubyen andikap kont yon elèv oubyen yon anplwaye.

**"Florida Civil Rights Act of 1992" (Akò1992 sou Dwa Sivil nan Florid)** – asire pou tout moun anndan eta a gen libète kont diskriminasyon akoz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen kondisyon marital.

**"Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA)" (Akò 2008 'Title II' sou Absans Diskriminasyon nan Enfòmasyon Jenetik** - entèdi diskriminasyon kont anplwaye ak aplikan akoz enfòmasyon jenetik.

**"Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002" (Akò 2002 sou Aksè Egal pou Eskout Gason nan Amerik la)** – Okenn lekòl leta pa dwe anpeche aksè egal, oubyen yon opòtitinite rezonab pou gwoup rankontre sou pwopriyete lekòl oubyen nan etablisman lekòl anvan oubyen aprè lè lekòl, oubyen fè diskriminasyon kont kèlkeswa gwoup ki afiliye ofisyèlman avèk 'Boy Scouts of America', oubyen nenpòt gwoup jèn oubyen gwoup kominotè ki sou lis 'Title 36' (kòm yon sosyete patriyotik).

**Veteran** gen dwa pou rejwenn anplwa ann akò avèv P.L. 93-508 (Lwa Federal) ak Seksyon 295.07 (Lwa Florid), ki ensiste sou preferans kategorik pou anplwa.

**Anplis:**
**Règ Komisyon Konsèy Lekòl 1362, 3362, 4362, ak 5517 -** Entèdi arasman e/oubyen diskriminasyon kont elèv anplwaye, oubyen aplikan sou baz sèks, ras, koulè, etnisite oubyen orijin nasyonal, relijyon, sitiyasyon marital, andikap, enfòmasyon jenetik, laj, opinyon politik, oryantasyon seksyèl, sèks fi/gason, idantifikasyon seksyèl, ran sosyal ak istwa familyal, preferans lengwistik, gwosès, kondisyon sitwayènte oubyen nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

**Pou plis enfòmasyon sou 'Title IX' oubyen nenpòt lòt kesyon sou diskriminasyon/arasman kontakte Asistan Sekretè pou Dwa Sivil Depatman Edikasyon oubyen:**

**Office of Civil Rights Compliance (CRC)**
**Executive Director/Title IX Coordinator**
**155 N.E. 15th Street, Suite P104E**
**Miami, Florida 33132**
**Phone: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400**
**Email: crc@dadeschools.net Website: https://hrdadeschools.net/civilrights**

Revize 07/2020

**Miami-Dade County Public Schools**
*giving our students the world*

*Superintendent of Schools*
*Dr. Jose L. Dotres*

*Miami-Dade County School Board*
*Mari Tere Rojas, Chair*
*Monica Colucci, Vice Chair*
*Roberto J. Alonso*
*Lucia Baez-Geller*
*Dr. Dorothy Bendross-Mindingall*
*Mary Blanco*
*Danny Espino*
*Dr. Steve Gallon III*
*Luisa Santos*

29 me 2024

Chè Paran ak Gardyenn,

Lekòl Piblik Konte Miami-Dade konnen ke yon prensipal konsèn nan tout moun, se lajantman pitit nou yo. Nan yon efò pou fè lekòl yo an sekirite, Ofisye Resous Lekòl (SROs) pral disponib nan tout lekòl yo pou yo fasilite yon anviwònman aprantisaj sekirite. Pwogram SRO a konsantre sou bati relasyon ki gen sans ant polis yo ak kominote lekòl la.

Pou Pwogram SRO a rive siksè ak efikasite, patisipasyon ou se bagay ki enpòtan. Patisipasyon ou ede asire ke lekòl pitit ou a se yon kote sekirite kote tout elèv ka kontinye resevwa yon eksperyans aprantisaj nan kalite. Nou ankouraje ou rapòte menas ak/òswa aktivite sousi ladan l soti nan aplikasyon FortifyFL, ki disponib nan sit entènèt distri a oswa nan www.getfortifyfl.com. Anplis de sa, ou ka kontinye rapòte aktivite sousi atravè kanpay "SEE something SAY something" ("WÈ yon bagay, DI yon bagay") nou an, nan nimewo 305-995-COPS (2677).

Tanpri vizite sit entènèt nou nan www.MiamiSchoolsPD.com kote ou ka jwenn plis enfòmasyon sou depatman nou yo ak swiv nou sou kanal medya sosyal nou yo pou enfòmasyon aktyèl. Si ou gen kesyon sou pwogram SRO a, oswa si nou ka ede ou oswa pitit ou nan nenpòt fason, santi ou lib pou kontakte SRO nan lekòl pitit ou a oswa rele nou nan nimewo 305-995-COPS (2677).

Mwen swete nou tout yon ane lekòl sekirite ak siksè.

Avèk Sinsèrité,

Ivan E. Silva
Chef Polis

L#029

cc: Diresktris Lekòl sit entènèt

*Miami-Dade Schools Police Department* • 3300 N.W. 27 Avenue • *Miami, Florida 33142*
*305-757-7709* • 305-636-3739 (FAX) • www.mdspolice.com

# PWOTOKÒL REPONS ESTANDA

## ENFÒMASYON POU PARAN AK GADYEN

Lekòl nou an adopte pwotokòl "Foundation's Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Repons Fondasyon an) "I Love U Guys" (Mwen Renmen NOU Guys). Elèv ak anplwaye yo pral pran fòmasyon, pratike, ak fè egzèsis pwotokòl la.

### LANG KOMEN

"The Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Repons Estanda) baze sou apwòch pou adrese tout danje olyede senaryo endividyèl yo. Tankou "The Incident Command System (ICS)" (Sistèm Kòmand Ensidan an), SRP itilize langaj komen klè pandan li pèmèt fleksibilite nan pwotokòl la.

**Konsepsyon an** senp - gen senk aksyon espesifik ki ka fèt pandan yon ensidan. Lè nou ap kominike yo, nou make aksyon an ak yon "Term of Art" (Yon Tèm Ar) epi apre yo swiv li ak yon "Directive" (Kòmand). Se chak patisipan aktif ki egzekite aksyon an, ki gen ladan elèv, anplwaye, pwofesè ak premye sekouris yo. SRP a baze sou aksyon ki ap suiv yo: Kenbe, Sekirize, Fèmen, Evakye, ak Kache.

## Kenbe

**" Nan Klas la oswa nan yon Areya "**

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Soti nan koulwa yo e rete nan areya yo oswa nan salklas yo jis yo anonse "Tout Bagay Klè"
- Fè biznis kòm dabitid

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Fèmen epi klete pòt yo
- Pran responsablite elèv ak adilt yo
- Fè biznis kòm dabitid

## SEKIRIZE

**"Antre Andedan. Fèmen pòt deyò yo"**

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Retounen nan andedan bilding nan
- Fè biznis kòm dabitid

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Fè tout moun antre andedan
- Fèmen pòt deyò yo
- Ogmante konsyantizasyon sitiyasyon an
- Pran responsablite elèv ak adilt yo
- Fè biznis kòm dabitid

## 'LOCKDOWN'

**"Klete pòt, Etèn Limyè, Kache"**

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Deplase devan danje a
- Rete an silans
- Pa louvri pòt la

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Rekipere elèv pou soti nan koulwa a si sa posib
- Fèmen pòt salklas yo
- Etèn limyè yo
- Deplase devan danje a
- Rete an silans
- Pa louvri pòt la
- Prepare evade oswa defann

## EVAKYE

**" Ale Yon Lòt Kote "**

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Kite objè yo dèyè si sa posib
- Si sa posib, pran telefòn yo
- Suiv enstriksyon yo

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Pote fèy apèl prezans ak Sak yo (sofsi yo bay enstriksyon pou pa pote anyen avèk yo, depan de rezon evakyasyon an.)
- Kondui elèv nan loksayon Evakyasyon an
- Pran responsablite elèv ak adilt yo

## KACHE

**" Estrateji pou Danje ak Pwoteksyon Eta a"**

**Danje** ka gen ladan:

- Tònad
- Hazmat
- Tranblemantè
- Sounami

**Estrateji Pwoteksyon** yo gen ladan:

- Evakye ale nan zòn abri
- Fèmen sal la
- Kouche, kouvri epi kenbe
- Ale kote ki pi wo

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Danje Apwopriye ak Estrateji Pwoteksyon

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Danje apwopriye ak Estrateji Pwoteksyon
- Pran responsablite elèv ak adilt yo

# ® PWOTOKÒL REPONS ESTANDA

## GIDE PARAN

Lè yon evènman ensidan ap dewoule, paran yo ka gen kesyon sou wòl yo.

## SEKIRIZE

**"Antre Andedan. Fèmen Pòt Deyò yo"**

Yo mande pou sekirize etablisman an lè gen danje deyò nan bilding nan. Elèv ak anplwaye yo ap antre andedan bilding nan e yo ap fèmen tout pòt deyò yo. Lekòl la ka fè konnen bilding nan sekirize nan afiche sa sou pòt antre a oswa fenèt ki tou pre yo. Andedan lekòl la, biznis yo ap kontinye kòm dabitid.

### ÈSKE PARAN KA VIN LEKOL LA NAN MOMAN YON EVÈNMAN AP DEWOULE?

Pwobableman pa. Yo ap fè tout efò pou kenbe klas yo nòmal pandan yon evènman sekirite. Anplis, yo ka paran yo pou rete deyò pandan yon evènman sekirite.




### E SI PARAN YO BEZWEN VIN CHÈCHE ELEV YO?

Dapre sitiyasyon an, li ka pa an sekirite pou lage elèv yo. Fason sitiyasyon an ap evolye, Sekirite a ka chanje pou Siveye Antre yo e/oswa Kontwole Soti yo.Z

### ÈSKE YO AP AVIZE PARAN LÈ YON LEKÒL ANTRE AN SEKIRITE?

Lè yon evènman an sekirite brèf oswa danje a pa vyolan, tankou yon bèt sovaj sou lakou rekreyasyon an, yo ka pa bezwen notifye paran pandan sekirite a an plas.

Avèk evènman ki pi long oswa pi danjere, lekòl la dwe notifye paran yo li ogmante sekirite li yo.

## KLETE LEKÒL LA

**"Klete pòt, Etèn Limyè, Kache"**

Yo mete yon 'Lockdown' lè gen yon bagay danjere andedan bilding nan. Elèv ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou yo antre oswa rete nan yon chanm ki ka klete, epi rete an silans.

Yo inisye yon 'Lockdown' sèlman lè gen yon menas aktif andedan oswa toupre bilding nan.

### ESKE PARAN TA DWE VINI NAN LEKOL LA PANDAN YON 'LOCKDOWN'?

Enklinasyon natirèl paran yo se pou ale lekòl la pandan yon 'Lockdown'. Nou konprann, men petèt se yon pwoblèm. Si gen yon menas andedan bilding nan, lapolis ap reponn. Nou pa kwè yo ap bay paran aksè nan bilding nan oswa menm sou kanpous lekòl la. Si paran yo deja nan lekòl la, yo ap ba yo enstriksyon pou yo antre nan 'Lockdown' tou.

### ÈSKE PARAN YO KA TÈKS ELÈV YO?

Lekòl la rekonèt enpòtans kominikasyon ant paran ak elèv yo pandan yon evènman 'Lockdown'. Paran yo dwe konnen pandan peryòd inisyal yon 'Lockdown', li pap an sekirite pou elèv yo tèks paran yo. Pandan yo ap rezoud sitiyasyon, yon ka mande elèv yo pou mete paran yo ajou regilyèman.

Nan kèk ka, yo ka evakye ak transpòte elèv yo nan yon lòt kote pou reyini elèv-paran.

### E EGZÈSIS YO PA ANONSE?




Lekòl la ka fè egzèsis enprevi, sepandan nou dekouraje sa anpil pou yo fè yon egzèsis san anonse li se yon egzèsis. Yo rele sa yon egzèsis san anonse li ka lakòz enkyetid soufrans ak estrès.

Paran yo dwe konnen lekòl la ap toujou enfòme elèv yo se yon egzèsis pandan anons inisyal la.

Li enpòtan pou diferansye ant yon **'drill'** ak yon egzèsis. Yo itilize yon 'drill' pou "Reveye Memwa" moun pou asosye yo avèk yon aksyon yo te pratike. Pa gen okenn similasyon evènman; yo senpleman fè aksyon an. Yon egzèsis simile yon evènman aktyèl pou teste kapasite anplwaye ak ekipman yo.

© Dwa Dotè 2009-2020, Tout Dwa Rezève. Fondasyon "I Love U Guys." Conifer, CO. Pwotokòl Repons Estanda ak Logo yo se Mak Fabrik Fondasyon "I Love U Guys" e li anrejistre nan sèten jiridiksyon. Materyèl sa a ka diplike pou distribisyon dapre Regleman Itilizasyon "SRP". SRP-K12 2021 Manyèl Paran | V 3.0 | Revize: 04/21/2020 | http://iloveuguys.org

K12 2021 STANDARD RESPONSE PROTOCOL

# RETE KONEKTE!

- Aplikasyon mobil Dadeschools la se yon kote ki gen divès kalite sèvis pou paran resevwa enfòmasyon enpòtan. Telechaje aplikasyon gratis sa a sou aparèy mobil ou a.
- Pou w konekte ak Idantifikasyon 'Google' oswa 'Apple' ou, asire adrès imel Pòtal Paran ou a se menm ak sa w itilize pou Idantifikasyon 'Google' oswa 'Apple' ou a.
- Kontakte lekòl pitit ou a pou w mete ajou enfòmasyon kontak ou yo e pou asire ou resevwa mesaj enpòtan pou sansibilizasyon ak ijans ki soti nan distri a ak lekòl pitit ou a.
- Pou abòne pou resevwa mesaj ijans, voye yon mesaj tèks "Y" nan nimewo 67587 sou aparèy mobil ou.




**TELECHAJE**
**APLIKASYON GRATIS DADESCHOOLS LA**

Download on the App Store
Available on the Google Play

**SUIV NOU SOU MEDYA SOSYAL POU DENYE ENFOMASYON YO.**

@MDCPS
@SUPTDOTRES
@ESCUELASMDCPS

@MIAMISCHOOLS

@MIAMISCHOOLS
@SUPTDOTRES